Адыгэ макъ

№ 94 (19608)
2010-рэ илъэс
БЭРЭСКЭЖЪЫЙ
ЖЪОНЫГЪУАКIЭМ и 19

ОСЭ ГЪЭНЭФАГЪЭ ИIЭП

Адыгэ Республикэм и Къэралыгъо Совет — Хасэмрэ и Правительствэрэ ягъэзет

# КIэлэегъаджэхэм язэнэкъокъу рагъэжьагъ

Мы аужырэ илъэсхэм кIэлэегъаджэм имэхьанэ къэIэтыгъэным, ащ игъот нахь хэхъоным афэлэжьэрэ Iофтхьабзэхэр нахьыбэу зэхащэхэ хъугъэ. Ахэм ащыщых лъэпкъ проектэу «Гъэсэныгъ» зыфиIорэм къыдилъытэрэ зэнэкъокъоу шIыкIэ-амалыкIэхэр зыгъэфедэрэ кIэлэегъаджэхэр зыхэлажьэхэрэр, еджапIэхэм япсихологхэм, кIэлэпIухэм язэнэкъокъухэр ыкIи нэмыкIхэр.

«Илъэсым ианахь кIэлэегъэджэ дэгъу» зыфиIорэ зэнэкъокъур илъэс 15 хъугъэу тиреспубликэ щызэхащэ. Ащ фэдэу 2010-рэ илъэсымкIэ Адыгеим ианахь кIэлэегъэджэ дэгъур къызыщылъэгъощт зэнэкъокъур тыгъуасэ Мыекъуапэ щырагъэжьагъ. Ащ нэбгырибгъу хэлажьэ. КъекIолIагъэхэм ащыщых Мыекъопэ гурыт еджапIэу N 3-м иублэпIэ классхэм якIэлэегъаджэу Анна Бражниковар, Теуцожь районымкIэ гурыт еджапIэу N 2-м биологиемкIэ икIэлэегъаджэу Гедыоджэ Мэлайчэт, Красногвардейскэ районымкIэ гурыт еджапIэу N 11-м адыгабзэмрэ литературэмрэкIэ щезыгъэджэхэрэ Кобл Сусанэ, Шэуджэн районымкIэ гурыт еджапIэу N 1-м географиемкIэ икIэлэегъаджэу Мэрэтыкъо Жаннэ ыкIи нэмыкIхэр.

Зэнэкъокъур жъоныгъуакIэм и 24-м нэс кIощт. Тхьамафэм къыкIоцI республикэм ианахь кIэлэегъэджэ дэгъухэр зэнэкъокъущтых. КIэлэегъаджэхэм яапэрэ зэнэкъокъу «Методическэ семинаркIэ» еджагъэх. ЯтIонэрэ мафэм урокхэр атыщтых. Ящэнэрэ зэнэкъокъум класснэ сыхьатхэр щызэхащэщтых.

Республикэ зэнэкъокъур къызэIуихыгъ АР-м гъэсэныгъэмрэ шIэныгъэмрэкIэ иминистрэу Беданыкъо Рэмэзанэ. Ащ ыуж къэгущыIагъэх АР-м и Къэралыгъо Совет — Хасэм гъэсэныгъэмкIэ, наукэмкIэ ыкIи ныбжьыкIэхэм яIофыгъохэмкIэ и Комитет итхьаматэу УдыкIэко Юрэ, АР-м ипрофсоюзхэм я Федерацие итхьаматэу Устэ Руслъанэ.

Зэнэкъокъум щытекIуагъэхэм мы мэфэ благъэхэм нэIуасэ шъуафэтшIыщт.

**_СИХЪУ Гощнагъу._**

_Сурэтыр Iэшъынэ Аслъан тырихыгъ._



ЭКОНОМИКЭМРЭ ХЪЫЗМЭТЗЕХЬЭНЫМРЭ

# ЧIыпIэ къин зэрытыр

КъагъэшIагъэм зы шIыкIэм тегъэпсыкIыгъэу бэдзэр зэфыщытыкIэм, нэмыкIэу къэпIон хъумэ, капитализмэ щыIакIэм, рылажьэщтыгъэхэми, а системэм щыкIэгъабэ зэриIэр дунэе финанс кризисым къагуригъэIуагъэу къытшIошIы. План шIыкIэм зэкIэми пшъэрылъэу яIэр дэх имыIэу агъэцэкIэн фаеу ыгъэнафэщтыгъэмэ, бэдзэр зэфыщытыкIэ щыIакIэр ухэткIи зэхэпфын ыкIи прогноз тэрэзхэр бгъэнэфэнхэ плъэкIынэу щытэп. Дунэе финанс кризисым зэкIэри зэщигъэкIукIыгъэми, Китаим ищыIакIэ хэхъоныгъэу фэхъухэрэм политическэ системитIум язэу нахь дэгъур нафэ къышIыгъэу плъытэн плъэкIыщт.

Мыекъопэ машинэшI заводым продукциеу къыдигъэкIырэр мэз отраслэм щагъэфедэ. Совет хабзэм илъэхъанэ ащ къыщашIыгъэхэр ягъэтIылъыпIэ чIагъэуцоным нэмысхэзэ, щэфакIохэу ар зыIэкIэхьан фаехэр гъэнэфагъэхэти, псынкIэу зэбгыращыщтыгъ. Дунэе финанс кризисыр къежьэным ыпэкIи предприятием иIофшIэн зыпкъ иуцожьэу ыублэгъагъ. БэдзэршIыпIэу зыщылажьэхэрэм нэкъокъогъу къащыфэхъухэрэр къыкъокIыгъагъэх нахь мышIэми, къашIырэм идэгъугъэ ренэу зэрэхагъахъорэм ишIуагъэкIэ, япродукцие дэхэкIаеу IуагъэкIын алъэкIыщтыгъ. ГъэрекIо къыщыублагъэу яIофшIэн зэщыкIукIыгъэшъ, зыфатIорэр щэфакIохэр амалынчъэ зэрэхъугъэхэр ары, тызыхэхьэгъэ илъэсми зыпкъ иуцожьынхэ алъэкIырэп.

— Экономикэм зиужьыжьэу фежьагъэу къэбар жъугъэм иамалхэм къытлъагъэIэсы зэхъум, — еIо машинэшI заводым ипащэу ЕмтIылъ Зауркъан, — тиIофшIакIэ джы зэрэщытым нахь дэгъу хъужьыным тыщыгугъыщтыгъ. Ау, гухэкI нахь мышIэми, ащ тетэу хъугъэп. Непэ тыщымысыпэми, Iоф тэшIэ пIоныр гъэиныгъащэу къэIуагъэу сэлъытэ, сыда пIомэ тхьамафэм къыкIоцI мэфищ ныIэп тирабочхэр IофышIэ къызэрэдэкIыхэрэр. Тапэрэ илъэсхэм гидроманипулятори 145-м нэсэу къэтшIэу мазэхэр къыхэкIыщтыгъэхэмэ, тызыхэхьэгъэ илъэсым пыкIыгъэ пIалъэм зэкIэмкIи гидроманипуляр 88-рэ ныIэп къыдэдгъэкIыгъэр.

Предприятием чIэнэгъэшхоу ышIыгъэр зыпкъ ибгъэуцожьыным, къызэрэтшIошIырэмкIэ, илъэс пчъагъэ ищыкIагъ. ЗыфатIорэр экономикэ закъор арэп. Мы предприятиемкIэ IэпэIэсэныгъэ ин зыхэлъ рабоч кадрэхэр зэIугъэкIэгъэнхэр анахь къиныгъохэм зыкIэ ащыщ. Мары ыпэкIэ нэбгырэ 400-м ехъу зыщылажьэщтыгъэ заводым непэ зэкIэмкIи къыIунэжьыгъэр нэбгырэ 270-рэ ныIэп. Зэрыпсэущтыр къэзылэжьын зымылъэкIырэ цIыфыр бэрэ къыуажэу щысыщтэп, хэкIыпIэхэм яусэзэ, хэти IофшIапIэ горэм лъэхъу, аужыпкъэм, ипсэупIи ехъожьы. Непэ экономикэр зыпкъ иуцожьыпагъэкIи, нахьыпэм заводым Iоф щызышIэщтыгъэ цIыфхэр амыгъотыжьынхэр къыдыхэт. Ары, къызэрэтшIошIырэмкIэ, тапэкIи къиныгъошхоу къафэнэжьыщтыр. Арышъ, ыпэкIэ анахь предприятие дэгъухэм ясатыр пытэу хэтыгъэ заводым тапэкIэ къырыкIощтыр къэшIэгъуаеу къытшIошIы.

**_СЭХЪУТЭ Нурбый._**

## Тигъэзетеджэ лъапIэхэр!

_Мы мазэм и 13-м щегъэжьагъэу и 23-м нэс фэгъэкIотэн зиIэ кIэтхэгъу уахътэр кIощт. А мэфипшIым къыкIоцI гъэзетэу «Адыгэ макъэм» сомэ 359-рэ чапыч 35-кIэ шъукIэтхэн шъулъэкIыщт, 2010-рэ илъэсым иятIонэрэ илъэсныкъо къышъуIукIэнэу шъуфаемэ._

## ШъукIатх лъэпкъ гъэзетым!

## МэкъэгъэIу

_ЖъоныгъуакIэм и 13-м къыщегъэжьагъэу и 23-м нэс къалэу Мыекъуапэ дэт Почтэ шъхьаIэу урамэу Краснооктябрьскэм тетым, номерэу 20-м, гъэзетэу «Адыгэ макъэм» щыкIатхэрэмэ шIухьафтынхэр къащаратыщтых._

# Сомэ миллиард 450-м ехъу апэIуагъэхьащт



**Гъэзетэу «Коммерсантым» зэритхырэмкIэ, Краснодар краим и Хэбзэихъухьэ ЗэIукIэ и Тхьаматэ игуадзэу, Урысыем и Олимпийскэ комитет иIофшIэн нахь дэгъоу зэхэщэгъэнымкIэ комиссиеу агъэнэфагъэм ипащэу Ахмед Билаловым IофышIэ куп игъусэу къагъэхьазырыгъэ концепциехэм агъэнафэ 2020-рэ илъэсым ехъулIэу сомэ миллиард 450-м ехъу зыпэIуагъэхьащт къушъхьэ лыжэ курортитф Темыр Кавказым щагъэпсынэу.**

Къушъхьэ лыжэ комплексхэр Матлас (Дагъыстаным), Мамисонэ (Темыр Осетием), Архъыз (Къэрэщэе-Щэрджэсым), Лэгъо-Накъэ (Адыгеим) ыкIи Эльбрус (Къэбэртэе-Бэлъкъарым) ащагъэпсынхэу концепциехэм агъэнафэ. «Темыр Кавказым хэхъоныгъэхэр егъэшIыгъэнхэм истратегиехэу джыдэдэм Минрегионразвитием зэхигъэуцохэрэм пункт шъхьафкIэ хагъэуцощт туристическэ кластерыр», — гъэзетым иIофышIэ къыриIуагъ Темыр-Кавказ федеральнэ округымкIэ УФ-м и Президент иполпред игуадзэу Максим Быстровым.

Гъэзет статьям зэритхырэмкIэ, курортитфэу агъэпсыщтхэм зэкIэмкIи чIыгу гектар мини 4-м ехъу зэлъаубытыщт, ахэм километрэ 803-рэ зикIыхьэгъэщт къушъхьэ лыжэ трассэхэр ыкIи турист нэбгырэ мини 104,5-м ателъытэгъэ зыгъэпсэфыпIэхэр ащагъэпсыщтых. КурортыкIэхэм ябюджет къалэу Шъачэ щыкIорэ олимпийскэ псэолъэшIыным пэIухьащт мылъку фэдитIукIэ нахыбэщт. Гъэзетэу «Коммерсантым» зэритхырэмкIэ, 2014-рэ илъэсым щыIэщт Олимпиадэм зыфэгъэхьазырыгъэным зэкIэмкIи сомэ миллиард 206-рэ пэIухьанэу агъэнэфагъ. ИлъэсипшIым къыкIоцI СКФО-м щагъэпсыщт курортитфым сомэ миллиард 451-рэ миллион 44-рэ апэIуагъэхьащт. Ащ щыщэу сомэ миллиард 272-р институционнэ инвесторхэм, миллиарди 119-рэ миллион 28-р унэе инвестициехэмрэ банк чIыфэхэмрэ къахэкIыщт. Бюджетым сомэ миллиард 60-у хилъхьащтыр гъогу инфраструктурэмрэ инженер сетьхэмрэ гъэпсыгъэнхэм апэIуагъэхьащт.

Гъэзетым зэригъэунэфыгъэмкIэ, псэолъэшIыным инвестконсультантэу щытын ылъэкIыщт Сбербанкыр. Инвестиционнэ предложениехэр презентацие ашIыгъахэх Morgan Stanley, JPMorgan Citi, Allianz, джащ фэдэу шъхьафитныгъэ зиIэ IэкIыб хэгъэгу ыкIи инвестиционнэ фондхэм.

Тыгу къэдгъэкIыжьмэ хьущт мэлылъфэгъу мазэм икъихьагъэхэм адэжь УФ-м и Президентэу Дмитрий Медведевыр Темыр Кавказым хэхъоныгъэхэр егъэшIыгъэнхэм хэлэжьэнэу бизнесыщхом ипащэхэм къызэряджэгъагъэр. ЭкспертхэмкIэ зэрэхагъэунэфыкIырэмкIэ, а шIолъырым кIочIэшIу зэрахьылIэн ыкIи инвесторхэм анаIэ зытырадзэн алъэкIыщт отраслэ зэфэшъхьафхэр, туризмэм къыщыублагъэу чIычIэгъ байныгъэхэр къычIэхыгъэнхэм нэсыжьэу, иIэх, ау къэралыгъом зэкIэри щынэгъончъэу ыкIи бизнесыр кIигъэгушIун ылъэкIынэу ыгъэпсын фае.

Компание заулэмэ къызэраIуагъэмкIэ, Темыр Кавказым щэлажьэх е ахэм якъутамэхэр къащызэIуахынхэм зыфагъэхьазыры. ЭкспертхэмкIэ зэралъытэрэмкIэ, инвестициехэр къызыIэкIэгъэхьэгъэнхэм пае республикэ пстэуми зэфэдэ амалхэр яIэх, ау зэкIэри зэлъытыгъэр пстэуми анахь псынкIэу зыпкъитыныгъэр зыщыгъэпсыгъэхэ хьущт регионыр ары.

УФ-м иполпредэу Темыр-Кавказ федеральнэ округым щыIэ Александр Хлопониным къызэриIуагъэмкIэ, СКФО-м хэхьэрэ субъектхэм ащыпсэухэрэм IофшIэн ягъэгъотыгъэным епхыгъэ Iофыгъохэр зэшIохыгъэнхэм пае, ыпэрэ илъэсым елъытыгъэмэ, процент 13-кIэ нахьыбэу 2010-рэ илъэсым мылъку афитIупщынэу федеральнэ бюджетым егъэнафэ. 2009-рэ илъэсым а Iофым сомэ миллиарди 8,5-рэ пэIуагъэхьэгъагъ. Полпредым зэрэхигъэунэфыкIыгъэмкIэ, IофшIэнымкIэ международнэ организацием иметодологие тегъэпсыкIыгъэу пштэн хъумэ, Темыр Кавказым IофшIэн зимыIэхэм япчъагъэ лъэгапIэу щыриIэр процент 20-м нэсы, нэмыкIэу къэпIон хъумэ, нэбгырэ мин 820-рэ фэдиз.

Александр Хлопониным къызэриIуагъэмкIэ, экономикэм зиужьыжьэу зэриублагъэм ишIуагъэкIэ IофшIэн зимыIэхэм IэпыIэгъу ятыгъэным телъытэгъэ программэм епхыгъэу федеральнэ бюджетым Урысыем IэпыIэгъоу щарытырэр нахь макIэ ашIыгъэми, а Iофым епхыгъэу Темыр Кавказым федеральнэ бюджетыр мылъкукIэ къызэрэдеIэрэм хигъэхъуагъ.

ХэгъэунэфыкIыгъэмэ хьущт Темыр Кавказым имызакъоу, дунэе лъэгапIэхэм алъыкIэхьэрэ курортхэр Республикэу Алтаи щагъэпсынхэу зэрагъэнэфагъэр. А регионым ипащэу Александр Бердниковым къыIогъагъ республикэм иапэрэ къушъхьэ лыжэ трасситIоу курортэу «Манжерок» щагъэпсыхэрэр тызыхэт илъэсым ибжыхьэ къызэIуахынхэу зэрагъэнэфагъэр.

Проектым къызэрэдилъытэрэмкIэ, къушъхьэ лыжэ комплексэу «Манжерок» къушъхьэ лыжэ трассэ 32-рэ иIэщт, ахэм IэрышI ос ателъынэу гъэпсыгъэным исистемэхэр, дэщэепIэ 15, хьакIэщ комплекс ахэтыщтых. Къушъхьэ лыжэ трассэхэм километрэ 60 якIыхьэгъэщт, зилъэгагъэ метрэ 820-м нэсыхэрэр иIэщтых. Комплексыр заухкIэ илъэсым къыкIоцI турист нэбгырэ мин 400-м нэсэу рагъэблэгъэнхэ алъэкIыщт. Мыщ дэжьым щыхэгъэунэфыкIыгъэн фае 2014-рэ илъэсым Шъачэ щыкIощт Олимпиадэр заухырэ уж къалэу Шъачэ дэжькIэ щагъэпсырэ къушъхьэ лыжэ курортэу «Роза Хутор» зыфиIорэр зытет чIыгур къэралыгъом иеу, псэуалъэхэр унаехэу къызэрэнэжьыщтхэр.

Джащ фэдэу мыщ дэжьым тыгу къыщыдгъэкIыжьын тлъэкIыщт УФ-м и Президент Дальневосточнэ федеральнэ округымкIэ иполпредэу Олег Сафоновыр Магадан икъушъхьэ лыжэ комплекс зыщэIэм къушъхьэ лыжэхэр зикIэсэ пстэуми Магадан якIуапIэ хъунэу къызэриIогъагъэр.

«Къушъхьэ лыжэ спортым хэхъоныгъэхэр егъэшIыгъэнхэ фае, хы портым пэмычыжьэу Магадан къушъхьэ чIыпIэ дахэ щыриI. Ащ хьакIэщрэ цIыфхэр дэзыщэехэрэ механизмэмрэ щыгъэпсыгъэнхэ фае. Ащ ыуж КъокIыпIэ Чыжьэр, зэкIэ Урысыер къушъхьэ лыжэ спортым пыщагъэ хъущтых, туризмэм хэхъоныгъэхэр егъэшIыгъэнхэм игугъэпIэшIухэр къэзытыхэрэ регионэу ар щытыщт», — къыIогъагъ Олег Сафроновым.

«Сыд пае нэбгырэ мин пчъагъэхэр Европэм кIохэра ащ нахь чIыпIэ дэхабэ Урысыем иIэзэ? ИщыкIагъэр инфраструктурэр гъэпсыгъэныр ары ныIэп. ГущыIэм пае, Эльбрус икъушъхьэ лыжэ трассэхэмрэ Краснэ Полянэмрэ зэпхыгъэхэу гъэпсыгъэ хъумэ, зэрэдунаеу ащ къыщызэрэугъоищт», — етхы гъэзетым.



*Анатолий МОЛЧАНОВ.*

# ШIэжь мафэм ехъулIэу

Хабзэ зэрэхъугъэу, Урыс-Кавказ заом хэкIодагъэхэм яшъыгъошIэжь мафэ жъоныгъуакIэм и 21-м тиреспубликэ щыхагъэунэфыкIыщт. Мыщ фэгъэхьыгъэ Iофтхьабзэхэр АР-м гъэсэныгъэмрэ шIэныгъэмрэкIэ ыкIи культурэмкIэ иминистерствэхэм, АР-м лъэпкъ IофхэмкIэ, IэкIыб къэралхэм ащыпсэурэ тилъэпкъэгъухэм адыряIэ зэпхыныгъэхэмкIэ ыкIи къэбар жъугъэм иамалхэмкIэ и Комитет зэхащэх.

Мэлылъфэгъум къыщегъэжьагъэу Урыс-Кавказ заом щыфэхыгъэхэм яшIэжь фэгъэхьыгъэ «Iэнэ хъураехэр», зэIукIэгъухэр, зэхэсыгъохэр, къэгъэлъэгъонхэр Адыгеим гъэсэныгъэм иучреждениеу итхэм, библиотекэхэм, музейхэм ащызэхащэх. Мы заом ишъыпкъапIэ цIыфхэм, тиныбжьыкIэхэм къагурыгъэIогъэным, цIыф лъэпкъ зэфэшъхьафэу тиреспубликэ исхэм языкIыныгъэ ыкIи яныбджэгъуныгъэ гъэпытэгъэным ахэр фэлажьэх.

ЖъоныгъуакIэм и 21-м сыхьатыр 17.00-м республикэм и Къэралыгъо филармоние митинг-реквием щызэхащэщт.

Мыекъопэ къэралыгъо технологическэ университетым жъоныгъуакIэм и 24-м тарихъ шIэныгъэхэмкIэ кандидатэу Хьоткъо Самир зыхэлэжьэщт зэIукIэгъу, Урыс-Кавказ заом фэгъэхьыгъэ тхылъ къэгъэлъэгъонхэр жъоныгъуакIэм и 15 — 22-м АР-м и Лъэпкъ библиотекэ ащыкIощтых, нэмыкI Iофтхьабзэхэри зэхащэщтых.

Тилъэпкъ къыкIугъэ тарихъ гъогум, заом хэкIодагъэхэм яшIэжь гъэлъэпIэгъэнхэм зэкIэри фэгъэхьыгъэщт.

# Фестивалым хэлажьэхэрэр яхьэкIагъэх

Апэрэ Урысые кинотеатральнэ шIушIэ фестивалэу «Обереги будущее» зыфиIорэм хэлэжьэрэ артистхэу Москва къикIыгъэхэр жъоныгъуакIэм и 17-м Адыгэкъалэ щыIагъэх. Ахэм ахэтыгъэх Урысые Федерацием инароднэ артисткэу Валентина Талызинар, УФ-м изаслуженнэ артисткэу Марина Яковлевар, зэлъашIэрэ артистхэу Александра Тютинар, Юрий Черкасовыр, Антон Шурцовыр, Елена Любимовар.

Ахэм апэгъокIыгъэх ыкIи администрацием рагъэблэгъагъэх къалэм имэрэу Хьатэгъу Налбый, народнэ депутатхэм я Совет итхьаматэу Отэхь Рэщыдэ, культурэм игъэIорышIапIэ ипащэу Хьодэ Адамэ. Къалэм итарихъ, иIофшIагъэхэм, гухэлъэу яIэхэм хьакIэхэр ащагъэгъозагъэх.

Лъэпкъ культурэм и Гупчэу фестивалыр зыщырекIокIыгъэм къызащэхэм адыгэ пшъашъэхэмрэ кIалэхэмрэ къэгъагъэхэр, щыгъу-пIастэ хьакIэхэм апагъохыгъ. Спектаклэу «Госпожа министерша» зыфиIоу Москва къикIыгъэ артистхэм къагъэлъэгъуагъэм цIыфхэр ашIогъэшIэгъонэу еплъыгъэх. Ахэр Адыгэкъалэ имызакъоу Теуцожь ыкIи Тэхъутэмыкъое районхэм якъуаджэхэм, къутырхэм къарыкIыгъэх.

КIэухым къалэм имэрэу Хьатэгъу Налбыйрэ народнэ депутатхэм я Совет итхьаматэу Отэхь Рэщыдэрэ сценэм къыдэкIуаехи, артистхэм «тхьашуегъэпсэу» араIуагъ, къэгъагъэхэр аратыгъэх.

*НЭХЭЕ Рэмэзан.*

ДУНЭЕ ЗЭНЭКЪОКЪУХЭР

# Музыкэ иныр КъокIыпIэм щыжъынчыгъ

Тыркуем ит къалэу Анталием жъоныгъуакIэм и 1 — 8-м я VIII-рэ Дунэе зэнэкъокъоу **«Золотой голос Бо-на-ми»** зыфиIорэр щыкIуагъ. Ащ хэгъэгу ыкIи республикэ зэфэшъхьафхэм къарыкIыгъэ цIыф лъэпкъхэм музыкэ ин орэдкъэIонымкIэ зыщаушэтыгъ, пстэумкIи нэбгыри 120-м ехъу хэлэжьагъ.

Дунэе зэнэкъокъум къекIолIагъэхэм къалэу Анталие имэр, Адыгэ культурэ гупчэм итхьаматэ ыкIи къалэм имузыкальнэ общественность къафэгушIуагъэх.

Дунэе артийскэ комитетым и Вице-президентэу, зэхэщэкIо Комитетым итхьаматэу, Къэбэртэе-Бэлъкъарым щыщ шIэныгъэлэжьэу, АМАН-м иакадемикэу, наукэхэмкIэ заслуженнэ IофышIэшхоу Бетугъэнэ Ауес шIуфэс псалъэкIэ ар къызэIуихыгъ ыкIи игущыIэ къыхигъэщыгъ мы мэфэкI Iофтхьабзэр лъэпкъхэм якультурэ зэпхыныгъэхэр гъэпытэгъэнхэмкIэ, зэчый зыхэлъ ныбжьыкIэхэр къыхэгъэщыгъэнхэмкIэ, ахэм гъогу афыхэхыгъэнымкIэ, зэрэдунаеу тет лъэпкъхэм язэкъошныгъэ зегъэушъомбгъугъэнымкIэ хъугъэшIэгъэ инэу зэрэщытыр.

Джащ фэдэу, зэнэкъокъум ия 8-рэ чэзыу дунэе картэм зэрэщылъыкIотагъэм анаIэ тыраригъэдзагъ, ащ ыпэкIэ чIыпIэу зыщыкIуагъэхэр къыпчъыгъэх: Шъачэ, Стамбул, Неаполь, Санкт-Петербург, Пицундэ, Гагрэ, Налщык ыкIи Анталиер.

Зэнэкъокъум хэлажьэхэрэр ныбжьым елъытыгъэу купищэу гощыгъагъэх: илъэси 8 — 12; илъэс 13 — 18; ыкIи 18-м къыщегъэжьагъэу нахь ныбжь ин зиIэхэр.

Конкурсантхэм лъэныкъуищыкIэ — академическэ, лъэпкъ орэдымкIэ ыкIи эстраднэ орэдкъэIуакIэмкIэ зыкъызэIуахын фэягъэ.

Дунэе зэнэкъокъоу «Золотой голос Бо-на-ми» уасэ езытыгъэ жюри зэтегъэпсыхьагъэм искусствэшхом щызэлъашIэрэ цIыфхэр хэтыгъэх; орэдкъэIон искусствэмкIэ Темыр-Кавказ институтым икафедрэ ипащэу, Къэралыгъо премием илауреатэу, профессорэу Гъэсэщэ Наталье, Къэбэртэе-Бэлъкъарым инароднэ артисткэу Бэгъотыжъ Светланэ, дунэе конкурсхэм ялауреатхэу, профессорхэу Шэныбэ Валерий, Абыдэ Артур, Республикэу Ингушетием къикIыгъэ композиторэу, Ингушетием икомпозиторхэм я Союз ипащэу Фариза Шадыжевар, Адыгэ Республикэм изаслуженнэ артистэу Шъхьэбэцэ Сыхьатбый.

Зэнэкъокъум композитор инхэу Моцарт, Бетховен, Глинка, нэмыкIхэми япроизведениехэр — ариехэр, романсхэр къыщаIуагъэх. ТекIоныгъэм ия 65-рэ илъэс мэхьанэ ратэу зэо орэдхэм щядэIугъэх, осэ ин щафашIыгъ.

Ингушетием къикIыгъэ пшъэшъэжъыеу илъэси 9 зыныбжьым тыдэрэ чIыналъи щызэлъашIэрэ орэдэу «Катюша» зыфиIорэр къызыхедзэм Iэгутео макъэм концерт залышхор къызэпигъэджагъ, ягуапэу дежъыугъэх.

Джащ фэдэу Къэбэртэе-Бэлъкъар Республикэм щыщ еджакIоу, илъэси 9 зыныбжь Къэрдэн Мурат итальянскэ композиторэу Качини ыусыгъэу «Ave Мачiа» (академическэ къэIуакIэм тетэу) къызэриIуагъэм жюрим осэшIу фишIыгъ, Гран-при фагъэшъошагъ.

Орэдыр цIыфым гъусэшIоу иIэу къырэкIо. ИгумэкIи, игушIуагъуи, игугъэ инхэри ащкIэ къыреIотыкIых, орэдыр хэтрэ цIыф лъэпкъи ыгу тешIыкIыгъ, илэгъу, имурад инэу гъашIэм фэзгъэчэфэу, ащ фэзыщэрэ кIочIэ лъэш.

Ащ елъытыгъэу, дунэе мэхьанэ зиIэ музыкэ инымкIэ зэнэкъокъоу Тыркуем, Анталием щыкIуагъэр Мамырныгъэр зыгъэпытэу, цIыф лъэпкъхэр зэзгъэшIухэу, гу мин пчъагъэхэм гугъэ нэфыр арызылъхьэу зэрэщытыгъэм щэч хэлъэп.

***МАМЫРЫКЪО Нуриет.***

# Нахьыжъхэм ямысагъи хэлъ




**Зыныбжь имыкъугъэхэм шъон пытэхэмрэ тутынрэ аращэнхэ щакIохэр зэрэфимытхэр къызыщиIорэ Федеральнэ законыр 2001-рэ илъэсым ибэдзэогъу мазэ къыдэкIыгъ, непи ащ кIуачIэ иI. ГухэкIыми, ар зэкIэми зэрамыгъэцакIэрэм ишыхьат зыныбжь имыкъугъэхэм ащыщыбэ тутын зэрешъорэр, шъон пытэхэм зэрапыщагъэр. ЩакIохэм мы законыр зэраукъорэм тэ тшъхьэкIэ джырэблагъэ тылъыплъэнэу хъугъэ.**

Мыекъопэ УВД-м потребительскэ бэдзэршIыпIэм ылъэныкъокIэ бзэджэшIагъэу зэрахьэхэрэм ябэныгъэнымкIэ ыкIи зыныбжь имыкъугъэу бзэджэшIагъэ зезыхьэхэрэм яIофхэмкIэ иотделхэм уплъэкIунэу зэхащагъэхэм журналистхэр рагъэблэгъагъэх. Ащ АР-м лъэпкъ IофхэмкIэ, IэкIыб къэралыгъохэм ащыпсэурэ тилъэпкъэгъухэм адыряIэ зэпхыныгъэхэмкIэ ыкIи къэбар жъугъэм иамалхэмкIэ и Комитет кIэщакIо фэхъугъ. Комитетым зэхищагъэ акциеу «Продал несовершеннолетнему табак и алкоголь — ответь перед законом» зыфиIорэм къыдыхэлъытагъэу мы отделхэм уплъэкIунэу зэхащэхэрэм журналистхэри ахагъэлэжьэнхэу зэзэгъыныгъэ адашIыгъ.

Iофтхьабзэу тызэрагъэблэгъагъэм къызэрэдилъытэщтыгъэмкIэ, Мыекъуапэ ищапIэхэм ащыщхэр къакIухьанхэшъ, ахэм зыныбжь имыкъугъэу ачIахьэхэрэм шъон пытэ е тутын къаращэмэ лъыплъэнхэ фаеу щытыгъ. Тэри тырягъусэу мы мафэм милицием иIофышIэхэм пстэумкIи тучани 6 къакIухьагъ. Апэу урамэу Пироговым ыцIэ зыхьырэм тет щапIэхэм ащыщ зэкIолIагъэхэр. ЧыжьэкIэ щытэу лъыплъэхэзэ, шъоожъые зихэхъогъур чIэхьагъ. Милиционерэу (ар къэзыушыхьатырэ щыгъын щыгъыгъэп) щэфакIо фэдэу ыуж ихьагъэм шъэожъыер зыкIэлъэIугъэ пивэр щакIом къызэрэримытыгъэр нэрылъэгъу къыфэхъугъ. Нахь кIасэу ОДН-м иIофышIэхэм зэрагъэунэфыгъэмкIэ, щэджэгъо уахътэр къэмысызэ пивэ ешъонэу зыгу къэкIыгъэ кIалэм илъэс 14 ныIэп ыныбжьыр. Ащ иIоф мы отделым зэхифыщт.

Мы район дэдэм тыкъимыкIэу урамэу Бутаревскэм тет тучанэу, нэужым тызэрэщыгъозагъэмкIэ, «Наш магазин» зыцIэм пэмычыжьэу



тыкъэуцугъ. Бэрэ лъыплъэнхэу хъугъэп, еджапIэм зэрэчIэсым ишыхьатэу Iалъмэкъ цIыкIур зышIохэлъэгъэ шъэожъыер чIэхьагъ, псынкIэ дэдэу пивэ зэрыт бэшэрэбэу литритIу зэрыфэрэмрэ тутынрэ зэрылъхэ пакетыр ыIыгъэу къычIэкIыжьыгъ. А чIыпIэ дэдэм зыныбжь имыкъугъэу бзэджэшIагъэ зезыхьэхэрэм апылъ инспекторхэр кIалэм пэгъокIыгъэх, потребительскэ бэдзэршIыпIэм фэгъэзагъэхэр тучаным чIэхьагъэх. ЩэкIо бзылъфыгъэм кIалэм ыныбжь икъугъэу къыщыхъугъэу ыIуагъ, ау... АпэрэмкIэ, кIалэм итеплъэкIэ илъэс 18 хъуным зэрэпэчыжьэр къэшIэгъоягъэп. ЯтIонэрэмкIэ, ыныбжь ымышIапэмэ ар къэзыушыхьатырэ тхылъыр къыригъэгъэлъэгъон фэягъ. Милицием иIофышIэхэм протоколыр агъэхьазырыфэкIэ щапIэр зыери къыIухьагъ. Ащ апэрэ такъикъхэм лъэшэу ымакъэ къыIэтыгъ, милицием иIофышIэхэм якъэлэмхэр ариIгъэгъэтIылъыным бэрэ пылъыгъ. КъикIын зэрэщымыIэр къызыгурэIом шъоожъыеу пивэмрэ тутынымрэ зыщэфыгъэхэр ыгъэмысагъ, ыгъэпщынэщтэуи ыIуагъ. ГъэшIэгъоныгъэр гъунэгъоу щыпсэухэрэр мы Iофым «къызэрэпэгъокIыгъэхэр» ары. Ахэм ащыщыбэм милиционерхэр къызэрагъэмысэхэрэр шъхьаихыгъэу къаIуагъ, щакIоу тазыр зытын фаеу хъугъэм агу егъугъ, къаухъумагъ. Адэ илъэс 15-м зыныбжь нэмысыгъэм пивэ литритIу ришъумэ, тутын ешъомэ? Ащ зыпари ыгъэгумэкIыгъэп, мы тучаным щимыщэфыгъэми нэмыкI чIыпIэ къыщыращэщтыгъагъэу аIуагъ. Джаущтэу нахьыбэр зэрегупшысэрэр ары Iофхэр нахьышIу зыкIэмыхъухэрэр.

Нэужым милиционерхэр урамхэу Пролетарскэмрэ 8 Мартымрэ зыщызэхэкIыхэрэм дэжь къыщыуцугъэх. А чIыпIэм тучан цIыкIухэр бэу щызэпэIутых, я 7-рэ ыкIи я 13-рэ еджапIэхэр ахэм къапэблагъэу щытых. Такъикъ 20 фэдизырэ алъыплъагъэп шъэожъые нэбгырэ заулэ еджапIэхэм алъэныкъокIэ къикIыхи, ахэм ащыщ тутын щапIэу щытым кIэрыхьагъ. ЩакIом бэрэ едэуагъ, ау зыфиIуагъэр къырищагъэп. Ащ къызыIокIыжьыхэм къыготхэми ачIэхьагъэх, ау инспекторэу алъыплъэхэрэм янэрылъэгъоу зыпарэми тутыни шъон пыти къаритыгъэп.

Урамэу Привокзальнэм тет хьалыгъугъэжъэ заводым дэжь щыт щапIэхэр ахэм къакIэлъыкIуагъэх. ГухэкIыми, мыхэм ащыщхэм законыр аукъуагъ. «Изумруд» зыцIэ тучаным чIэхьэгъэ кIалэм (нахь кIасэу зэрагъэунэфыгъэмкIэ, илъэс 16 ыныбжь) «спиртной коктейлэу «Ягуар» зыфиIорэм фэдэ къыращагъ. ЩакIоми тучаныр зые бзылъфыгъэми кIалэм ыныбжь къэшIэгъуаеу аIуагъ, ау ар къэзыушыхьатырэ тхылъым зэрэкIэмыупчIагъэхэм игугъу къашIыгъэп. Шъыпкъэ, зыныбжь имыкъугъэхэм шъон пытэрэ тутынрэ арамыщэщтэу тучан кIоцIым, занкIэу уеплъэу, къыщытыратхагъ. Законыр зэрэщыIэр ащыгъупшагъэп, ау агъэцэкIагъэп. «Изумрудым» пэмычыжьэу щыт щэпIэ цIыкIуми чIэхьэгъэ шъэожъыеу илъэс 13 нахьыбэ зымыныбжьым пивэ зэрыт бэшэрэбыр ыIыгъэу къычIэкIыжьыгъ. Ащ чIэт щакIом кIалэм ыныбжь зэримыкъугъэр къылъэгъугъ, ау «сятэ фэсхьыщт» зэриIуагъэм дихьыхыгъ. ЫныбжьыкIэ имыфэшъуашэр къэзыщэфыгъэхэм яIоф ОДН-м зэхифыщт, къэзыщагъэхэм административнэ пшъэдэкIыжь ахьыщт.

Мы мафэм тэ тинэрылъэгъоу зыныбжь имыкъугъэ нэбгыри 7 шъон пытэ е тутын, нахьыбэрэмкIэ тIури зэгъусэу, къащэфынэу щапIэхэм ачIэхьагъэх, нэбгырищымэ къаращагъ. Ар тэ тлъэгъугъэр ары. Тхьапша ахэм афэдэу щапIэхэм яуалIэрэр? ГухэкIыми, нахьыбэм къаращэ. Потребительскэ бэдзэршIыпIэм ылъэныкъокIэ бзэджэшIагъэу зэрахьэхэрэм ябэныгъэнымкIэ отделым иIофышIэхэм къызэрэтаIуагъэмкIэ, тхьамафэу мы Iофтхьабзэр зырагъэкIуагъэм къыкIоцI зыныбжь имыкъугъэхэм шъон пытэрэ тутынрэ къызэрарагъэм ыпкъ къикIэу протоколи 7 зэкIэмкIи зэхагъэуцуагъ. Мы мафэм атхыгъэр зыхэхъожьыкIэ мэфи 8 — 9-м къыкIоцI гъогогъуипшIырэ къаубытыгъэхэу мэхъу. Къызэрамыубытырэр ащ нахьыбэжь. КъыткIэхъухьэхэрэр шъон пытэхэм апыщагъэхэ зэрэхъурэм, тутыныр къызэраштэрэм тэ, нахьыжъхэм, тимысагъэ хэлъ. Законыр зэраукъорэм изакъоп мыщ узыгъэгумэкIынэу хэлъыр, сомэ 50 — 100-у къыпфыхэкIыщтым пае сабыим ищыIэныгъэ «зэпыкIыгъэ» зэрэхъурэр ары тхьамыкIагъор. Арэу щытми, щакIохэм язакъоу бгъэмысэныр тэрэзэп. Ны-тыхэм, етIанэ еджапIэм пIуныгъэ-гъэсэныгъэр къащежьэ. Ахэр арых тутынымрэ ешъонымрэ зэрарэу къахьырэр апэу сабыим гурызыгъэIон фаер, щакIом законыр ымыукъоу ахэм IэпыIэгъу афэхъуныр ипшъэрылъ.

***ХЪУТ Нэфсэт.***

УНЭ-КОММУНАЛЬНЭ ХЪЫЗМЭТЫМ ИРЕФОРМЭХЭР

# Бэрэ зэжагъэхэр къадэхьугъ

**Унэ-коммунальнэ хъызмэтым щыкlорэ реформэхэм lэпыlэгъу афэхъугъэнымкlэ федеральнэ Фондым Адыгеим къытефэрэ аужырэ ахъщэ lахьэу сомэ миллион 377,5-рэ хъурэр мэлылъфэгъу мазэм къыфитlупщыгъ. А мылъкум ишlуагъэкlэ жъоныгъокlэ мазэм къыщыублагъэу тиреспубликэ имуниципальнэ образование 13-мэ арыт квартирабэу зэхэт уни 199-рэ капитальнэу щагъэцэкlэжьыщт. Нэбгырэ мин 12-рэ 400-мэ яунэхэм язытет нахьышlу ашlын алъэкlыщт.**



ЖКХ-м щыкlорэ реформэхэр щыlэныгъэм щыпхырыщыгъэ зэрэхъухэрэм фэгъэхьыгъэ тхыгъэхэр тигъэзет бэрэ къыхеутыгъах нахь мышlэми, мы lофыгъом цlыфыбэ зэригъэгумэкlырэм ыпкъ къикlэу къыфэтымыгъэзэжьын тлъэкlыщтэп. Коммунальнэ хъызмэтым щыкlорэ зэхъокlыныгъэхэм цlыф къызэрыкlохэм уасэу афашlырэр зэдгъашlэ тшlоигъоу джырэблагъэ Мыекъуапэ щызэтырагъэпсыхьажьырэ унэхэм ащыщхэм тащыlагъ, гъэцэкlэжьынхэр зэращызэшlуахыхэрэр зэдгъэлъэгъугъ.

Урамэу Краснооктябрьскэм тет унэу номерэу 19-р затыгъэр илъэс 50 хъугъэ. А уахътэм къыкlоцl ар зэ нэмыlэми капитальнэу агъэцэкlэжьыгъэп. Щагумкlэ гъэзэгъэ дэпкъэм ателъ штукатуркэр чlыпlэ-чlыпlэу къетэкъохыгъэу, унашъхьэм къызыщыкlэщхыхэрэр иlэхэу, унэ чlэхьапlэхэм, электропроводкэм язытет уигъэрэзэнэу щытыжьыгъэп. Ау унэр коммунальнэ хъызмэтым щыкlорэ реформэхэм lэпыlэгъу афэхъугъэнымкlэ программэм джы зэрэхагъэуцуагъэм ишlуагъэкlэ теплъэу иlэм шlэхэу зызэрихъокlыщт, тиреспубликэ икъэлэ шъхьаlэ къэзыгъэдэхэрэ псэуалъэхэм ясатыр къыхэуцощт.

Зигугъу къэтшlырэ унэу урамэу Краснооктябрьскэм тетым пащэу иlэр Александр Митиныр ары. Бэшlагъэу пенсием кlуагъэу ащ lоф ымышlэжьми, унэм къыдычlэсхэм цыхьэ къыфашlыгъэу псэолъэшl lофшlэнхэр зэрэкlохэрэм ынаlэ атырегъэты, зэхэщэн lофхэм кlэщакlо афэхъу. Ежь А. Митиным къызэрэтиlуагъэмкlэ, тэри ар нэрылъэгъу къытфэхъугъ, мэлылъфэгъу мазэм къыщегъэжьагъэу ООО-у «Экотерм» зыфиlорэ псэолъэшl организацием иlофышlэхэм щагумкlэ щыlэ дэпкъхэр къырагъэтэкъохыхэзэ икlэрыкlэу къаижьых. Мы lофшlэнхэм зэкlэмкlи сомэ миллиони 2-рэ мин 847-рэ атефэщт. Ащ ыужым краскэкlэ къагъэлэжьыщтых, етlанэ унашъхьэм телъ шиферыр тырахыныщъ, профнастилкlэ зэблахъущт.

ООО-у «Экотерм» зыфиlорэм ипрорабэу Валерий Вартанян къызэрэтфиlотагъэмкlэ, дэпкъхэм ягъэцэкlэжьынрэ унашъхьэм ителъхьанрэ афэшъхьафэу инженерн коммуникациехэм язэблэхъуни, уначlэм игъэцэкlэжьыни lоныгъо мазэм аухынхэу щыт.

Мыекъуапэ щагъэцэкlэжьырэ псэуалъэхэм ащыщ Жуковскэм иурам тет этажиплlэу зэтет унэу номерэу 20-р. Ыпшъэкlэ зигугъу къыщытшlыгъэ унэм фэдэу мыщи гъэцэкlэжьынхэр щырагъэжьагъэх. Псэолъэшl lофшlэнхэр ащ щызыгъэцакlэрэр ООО-у «Ремстройсервис» зыфиlорэр ары. Организацием иlофышlэхэм джыдэдэм унашъхьэм изэблэхъун епхыгъэ lофшlэнхэр щызэшlуахых. Унэм хэт квартирэхэм ябысыухэм ятовариществэ итхьаматэу Лlэхъусэжъ Розэ тызэрэщигъэгъозагъэмкlэ, зычlэсхэ унэр капитальнэу гъэцэкlэжьыгъэным пстэумкlи сомэ миллиони 7-рэ мин 431-м ехъу пэlухьащт. Ащ хэхьэх унашъхьэм изэблэхъун, уначlэм чlэщэгъэ трубэхэр, унэ чlэхьапlэхэм ахэт шъхьаныгъупчъэхэр зэблэхъугъэнхэр.

Унитlум япащэхэм, ахэм ащыпсэурэ цlыфхэм тызадэгущыlэм къызэрэтаlуагъэмкlэ, цlыфхэм ямылъкукlэ мыщ фэдэ гъэцэкlэжьынышхохэр ныбжьи унэм рашlылlэнхэ алъэкlыщтыгъэп. ЖКХ-м щыкlорэ реформэхэм lэпыlэгъу афэхъугъэнымкlэ федеральнэ Фондым, республикэ бюджетым къарыкlыгъэр, муниципалитетым ыкlи цlыфхэм къатефэрэ ахъщэ lахьэр зэхахьэхи, бэрэ зэжагъэхэу къафашlынэу зыщымыгугъыжьыщтыгъэхэ гъэцэкlэжьынхэр рагъэжьагъэх.

*ЕЛБЭШЭ Руслъан.*

*Сурэтхэр lэшъынэ Аслъан къытырихыгъэх.*



ПЕНСИЕХЭМКlЭ ФОНДЫМ ШЪУЩЕГЪЭГЪУАЗЭ

# Пенсиехэр афэгъэуцугъэнхэм зэхъокlныгъэу фэхъугъэхэр

**Номерэу 319-ФЗ зытетэу 2008-рэ илъэсым тыгъэгъазэм и 30-м къыдэкlыгъэ Федеральнэ законэу «Федеральнэ законэу «Урысые Федерацием lофшlэнымкlэ ипенсиехэм яхьылlагъ» зыфиlорэм зэхъокlныгъэхэр фэшlыгъэнхэм фэгъэхьыгъ» зыфиlорэр гъэцэкlэжьыгъэным ехьылlэгъэ упчlабэ цlыфхэм къызэратырэр къыдилъытэзэ, Пенсиехэмкlэ фондым и Адыгэ республикэ Къутамэ законым зэхъокlныгъакlэу къыздихьыгъэхэм шъуащегъэгъуазэ.**

Зыцlэ къетlогъэ Федеральнэ законым номерэу 173-ФЗ зытетэу 2001-рэ илъэсым тыгъэгъазэм и 17-м къыдэкlыгъэ Законэу «Урысые Федерацием lофшlэнымкlэ ипенсиехэм яхьылlагъ» зыфиlорэм зэхъокlныгъэ заулэ фишlыгъ, Урысые Федерацием и Конституционнэ Суд унашъоу ышlыгъэм тегъэпсыкlыгъэу хэбзэ шэпхъэ зырызхэр зэригъэпэшыгъэх. 2001-рэ илъэсым тыгъэгъазэм и 17-м аштэгъэ Законым ишапхъэхэм сыд фэдэ зэхъокlныгъэха афашlыгъэхэр ыкlи ахэм сыд фэдэ нэшанэхэр ахэлъха?

2008-рэ илъэсым тыгъэгъазэм и 30-м аштэгъэ Законым зэхъокlныгъэхэр фешlых ыкlи Федеральнэ законэу «Урысые Федерацием lофшlэнымкlэ ипенсиехэм яхьылlагъ» зыфиlорэм ия 27-рэ статья хегъэхьажьых Федеральнэ законэу «Урысые Федерацием lофшlэнымкlэ ипенсиехэм яхьылlагъ» зыфиlорэм иположение зырызхэу lофшlэнымкlэ пенсиер нахь пасэу ягъэгъэуцугъэнымкlэ граждан куп зырызхэм фитныгъэу яlэхэр къэгъэнэжьыгъэнхэр, ахэм ахахьэх:

— Урысые Федерацием гражданскэ оборонэмкlэ, ошlэ-дэмышlэ lофыгъохэмкlэ ыкlи ошlэдэмышlэ тхьамыкlагъохэм къыздахьыгъэ къиныгъохэр дэгъэзыжьыгъэнхэмкlэ и Министерствэ ипрофессиональнэ аварийнэ-къэгъэнэжь формированиехэм ахэхьэрэ профессиональнэ аварийнэ-къэгъэнэжь кулыкъухэм якъэгъэнэжьакlохэр;

— уголовнэ пшъэдэкlыжьэу атыралъхьагъэр зыщарагъэхьырэ учреждениехэм зиlоф аlэгъэхэу ащаlыгъхэм рабоч е кулыкъушlэ lэнатlэ яlэу lоф адэзышlэхэрэр;

— Урысые Федерацием гражданскэ оборонэмкlэ, ошlэ-дэмышlэ lофыгъохэмкlэ ыкlи ошlэдэмышlэ тхьамыкlагъохэм къыздахьыгъэ къиныгъохэр дэгъэзыжьыгъэнхэмкlэ и Министерствэ и Къэралыгъо мэшlогъэкlосэ къулыкъу (машlо къэмыгъэхъугъэнымкlэ иухьумакlохэм, машlохэр ыкlи авариехэр къэмыгъэхъугъэнхэмкlэ кулыкъухэм) lэнатlэхэр ащызезыхьагъэхэр;

— сабыеу ащаlыгъхэм ныбжьэу яlэм емылъытыгъэу, кlэлэцlыкlухэм апае учреждениехэм кlэлэегъэджэ lофшlэн ащызыгъэцакlагъэхэр;

— псауныгъэм иучреждениехэу чылагъохэм ыкlи къэлэ гъэпсыкlэ зиlэ поселкэхэм е къалэхэм адэтхэм цlыфхэм япсауныгъэ къэухъумэгъэнымкlэ lэзэн ыкlи нэмыкl lофшlэнхэр ащызыгъэцакlагъэхэр;

— театрэхэм е театральнэ-зрелищнэ организациехэм ясценэхэм творческэ lофшlэн ащызыгъэцакlагъэхэр.

Зыцlэ къетlогъэ lофышlэ купхэр зы статьям къыхэхыжьыгъэхэу нэмыкl статьям хьыжьыгъэнхэм гухэлъэу фыряlагъэр Федеральнэ законэу «Урысые Федерацием шlокl зимылэ ипрофессиональнэ пенсие системэхэм яхьылlагъ» зыфиlорэр штэгъэным епхыгъэ lофшlэнхэр (Къэралыгъо Думэм апэрэ еджэгъум тетэу 2002-рэ илъэсым мэкъуогъум и 26-м ыштагъ) заухэрэ уж профессиональнэ пенсие системэм хэгъэхьагъэнхэмкlэ, профессиональнэ пенсиехэр ятыгъэнхэмкlэ системэм хэгъэхьэгъэнхэмкlэ зэфэдэ фитныгъэ зиlэ купхэр зы статьям ишапхэ къыхегъэубытэгъэнхэр ары.

Хэгъэунэфыкlыгъэн фае нэмыкl статьям хагъэхьажьыгъэ пунктхэу lофшlэнымкlэ пенсиер афэгъэуцугъэным ехьылlэгъэ положениехэр зыгъэнафэхэрэм ащыщхэу пунктищыр зэмыхъокlыгъэу къызэрэнэжьыгъэхэр, ау адрэхэм хэпшlыкlэу зэхъокlныгъэхэр зэрафэхъугъэхэр. lофшlэныр къэралыгъо ыкlи муниципальнэ учреждениехэм ащагъэцэкlэн фаеу зыгъэнафэщтыгъэ положениехэр хигъэкlыжьхи, хэбзэихъухьэм lофшlэнымкlэ пенсиехэр нахь пасэу кlэлэегъэджэ, медицинэ ыкlи творческэ lофшlэхэм афэгъэуцугъэнхэм шапхъэу пылъхэр зэрихъокlыгъэх. 2001-рэ илъэсым тыгъэгъазэм и 17-м аштэгъэгъэ Законым истатьяхэм кlэлэегъэджэ, медицинэ ыкlи творческэ lофышlэхэр lофшlэнымкlэ пенсием нахь пасэу гъэкlогъэнхэм фэшl пlэльэ гъэнэфагъэм къыкlоцl ахэм къэралыгъо ыкlи муниципальнэ учреждениехэм (кlэлэегъэджэ lофышlэхэмкlэ — кlэлэцlыкlухэм апае учреждениехэм, медицинэ lофышlэхэмкlэ — псауныгъэр къэухъумэгъэнымкlэ учреждениехэм, творческэ lофышlэхэмкlэ театрэхэм ыкlи театральнэ-зрелищнэ организациехэм) lоф ащашlагъэу щытын фэягъэ.

Мы шапхъэхэр щыlэныгъэм щагъэцэкlэжьхэ зэхъум lофшlэну зыпылъхэмкlэ зы купым хэхьэрэ цlыфхэм яфитныгъэхэр зэфэмыдэхэ фэдэу хъугъагъэ. Кlэлэегъэджэ, lэзэн ыкlи творческэ lофшlэнхэмкlэ стажыр къэралыгъо ыкlи муниципальнэ учреждениехэм щымытхэм ащызыгъэкъугъэхэр анибжькlэ нэмысыгъэхэу, нахь пасэу пенсием кlонхэ алъэкlыщтыгъэп.

Кlэлэцlыкlухэм апае учреждениехэм, псауныгъэр къэухъумэгъэным иучреждениехэм, театрэхэм ыкlи театральнэ-зрелищнэ учреждениехэм lэнатlэу ащызэрахьэрэмкlэ зэфэдэ пшъэрылъхэр зэфэдэ сэнэхьатхэмкlэ ащызыгъэцакlэхэрэм ныбжьым телъытэгъэ пенсие афэгъэуцугъэным пае зыщылэжьагъэхэ lофшlапlэм мылъкум ишlыкlэу щагъэфедэрэр телъхьапlэ хъун ылъэкlыщтэп. Джащ фэдэ зэфэхьысыжь егъэнафэ Урысые Федерацием и Конституционнэ Суд 2004-рэ илъэсым мэкъуогъум и 3-м номерэу 11-П зытетэу ышlыгъэ унашъом.

2008-рэ илъэсым тыгъэгъазэм и 30-м аштэгъэ законым ыгъэнафэрэ шэпхъакlэм цlыфыр профессиональнэ пенсие системэм хэгъэуцогъэнымкlэ фитныгъэу иlэхэр къызыщежьэхэрэ пlальэр зэрихъокlыгъ. Ащ къыхэкlэу, зэкlэми афэдэу пенсием зыкlощт ныбжьыр къэмысыгъэу профессиональнэ lофшlэнымкlэ амалэу иlэхэр чlэзынэнхэ зылъэкlыщт цlыфхэр къэухъумэгъэнхэ гухэлъым пае, а шапхъэхэри Урысые Федерацием и Конституционнэ Суд 2004-рэ илъэсым мэкъуогъум и 3-м номерэу 11-П зытет унашъоу ышlыгъэм къыделъытэ, ныбжьым телъытэгъэ пенсиехэр нахь пасэу афэгъэуцугъэнхэр профессиональнэ пенсиехэр зыгъэнэфэрэ федеральнэ законым кlуачlэ иlэ хъуным ыпэкlэ щыlэгъэ шапхъэхэм атегъэпсыкlыгъэу.

*ДЭГУМЫКЪО Фатим.*

**ПФР-м и Адыгэ республикэ Къутамэ страховать шlыгъэ цlыфхэм пенсие фитныгъэу яlэхэм уасэ афэшlыгъэнымкlэ иотдел ипащ.**

ШIЭЖЬЫР ЖЪЫ ХЪУРЭП

# Тщыгъупшэ хъущтэп

Мафэр фабэу, дунаир шхъуантIэу дэхагъэ. Пчыхьэшъхьэпэ тыгъэр мыгузажъоу екIошъэхыжьыщтыгъ. Унэгъо былымхэр къэзэрэфыжьыщтыгъэх. Хьаблэм тес цIыфхэри, зэряхабзэу, ахэм ахэтыгъэх. Ау гъохъо макъэу чIыгур ыгъэгырзэу къэIугъэм цIыфхэр къыкIигъэщтагъэх. Ар пый самолет мэхъаджэр арыгъэ. Джыри ежьыр къэмылъагъозэ, ымакъэ гуихэу къэIущтыгъ, етIанэ тIэкIу тешIагъэу къэлъагъощтыгъ. Самолетыжъым мыгумэкIыхэу псыхъоу Пщыщэ къызэпичыти чылэм шъхьарыбыбыкIыщтыгъ.

ШышъхьэIу маз, 1942-рэ илъэс. Тичылэу Къунчыкъохьаблэ гузэжъогъушхо къыфэкIуагъ. Нэмыц техакIохэр къыдэхьагъэх. Апэрэ мафэм къыщегъэжьагъэу чылэм фашист управэр къыщызэIуахыгъ. Ахэм яжэщтыгъэхэм фэдэу апэрэ къумалхэр пый техакIохэм агохьэгъагъэх. Нэмыцхэм хэгъэгур аштэгъахэу, заор зауххыкIэ ежьхэм IэнэтIэшхохэр, унэ зэтетхэр къаратынхэу гугъэщтыгъэх. Абгъэ къырагъэуцукIэу, къоджэдэсхэм дысэу адэгущыIэхэу, цIыфхэм яунэ хэм арыхьэхэмэ агу рихыгъэ щыгъынхэр, шхыныгъо зэфэшъхьафхэр ядэжьхэм арагъэхьызэ псэущтыгъэх. УадэгущыIэни уапэуцужьыни уфитыгъэп, хэбзакIэу чылэм щагъэпсыгъэр аIэ илъыгъ.

Мафэ горэм фашист самолетыр къэлъэгъуагъ. «Зы самолет», — къыIуагъ зыгорэм. — «Хьау, тIу, щы, тфы». ЕтIанэ къэплъытэжьын умылъэкIэу бэдэдэу ошъогум изы къэхъугъэх. ЦIыфхэр щтагъэхэу Iэчъэ-лъачъэщтыгъэх. ЗэкIэри бзылъфыгъэ зэкIагъэх, кIэлэцIыкIугъэх, хъулъфыгъэ нэжъ-Iужъ заулэ ахэтыгъ. ЛIыжъхэм ащыщ горэм унашъо къыIыгъ: «ШъупсынкI! КIэлэцIыкIухэм шъуафэсакъзэ, мэзым шъучъ!»

Щагу былымхэми апымылъыжьхэу, яунапчъэхэри IуубгъукIыгъэхэу хьэблэшхор урам псыгъо кIыхьэу чылэгум укъизыщэрэм гузажъохэзэ телъэдагъэх. Зэрэчылэу къежьэжьыгъэм фэдэу цIыфыр къоджэ гупчэм изыгъ. Бэ темышIэу ятIонэрэ унашъори къэIугъ: «Зыжъугъэрэхьат, жъугъэзэжь! Мыщ фэдиз гузэжъогъур къытфэзыхьыгъэр зы самолет закъу. Пыижь жьалымхэм лажьэр къафакIу! А самолет закъоу къэбыбыгъэм ежь фэдэ къабзэу, ошъогур зэлъибгъэу а мафэм самолетхэр къытIупщыгъагъэхэу къытшIуигъэшIыгъ (имитировать къашIыгъ).

ЕгъашIэм тщыгъупшэжьыщтэп тэ тиунагъокIэ зэхэтшIэгъэгъэ гумэкIыгъошхор. АпэрэмкIэ, 1937-рэ илъэсым, «ефэнды, кулак» аIуи, лажьи хьакъи имыIэу сятэу Пэнэшъу Исмахьилэ дащыгъагъ ыкIи къыгъэзэжьыгъэп. Тэ кIэлэцIыкIу нэбгырихэу тянэ тыкъыфэнэгъагъ. Къинышхоу ащ телъыгъэр егъашIэм тщыгъупшэщтэп. А къинышхом техакIохэм агохьэгъэ къумалхэм яжъалымыгъэ къыхагъахъощтыгъ.

Зы мафэ горэм нэмыцхэм Iоф афэзышIэрэ нэбгыритIу тичылэ щыщхэу тищагу къыдэхьагъэх. Тянэ къеджагъэх. ПолицаитIумэ яз дысэу тянэ къыриIуагъ: «Ппхъу конторэм къычIихыгъэхэу шъуиунэ итхэр непэ блэмыкIэу къыземыгъэхьыжьэкIэ, упхъуи ори нэмыцхэм шъупязгъэлъэщт!» Тянэ ыгу къызэхэхьагъ. Зызэпырагъази къумалитIур дэкIыжьыгъ. Къэлапчъэм нэсыгъэхэу, язырэм къыгъэзэжьи, тянэ къыриIуагъ: «Умыгъ, нысэ (Пэнэшъугъэх тIури), ыIори ышIэрэп ащ, ышIэни щыIэп, зыгъэрэхьат».

Пый техакIохэр зэрэзэхакъутэщтхэм, тичIыгу шъхьафит зэрашIыжьыщтым къэралыгъо Iэшъхьэтетхэм шIошъхъуныгъэшхо фыряIагъ. Партием унашъо къышIыгъагъ зэралъэкIэу колхоз мылъкур къаухъумэнэу. Пыир къызынэмысыгъэ районхэм, къуаджэхэм гъатхэм халъхьащт чылэпхъэ лэжьыгъэхэр тIэкIу-тIэкIоу унагъохэм ащыхагощэгъагъэх, колхоз мэлхэр зырыз-тIурытIоу аратыгъагъэх. Джащ фэдэу колхоз чIыгур зэралэжьырэ машинэхэр зэхахыи агъэбылъыгъагъэх. Шъхьадж зыфэгъэзэгъэ пкъыгъор зэрэфэлъэкIэу къыгъэгъунэн фэягъэ.

Сэ сшыпхъунахьыжъэу Сачнэт кIэлэегъэджэ училищыр къыухыгъэу секретарэу колхоз конторэм Iоф щишIэщтыгъ. Iоф ышIэ хъумэ столэу зыкIэрысыгъэмрэ пхъэнтIэкIумрэ тадэжь къыхьыжьыгъагъэх нэмыц техакIохэр тичIыгу рафыжьхэмэ, конторэм ыхьыжьынхэу. Ары полицаеу сянэ къыфыIухьэгъагъэхэм сшыпхъуи сяни пыйхэм парагъэлъэнхэу зыкIаIогъагъэр.

Колхоз Iофым зыкъиIэтыжьынымкIэ джащ фэдэ патриотхэм яшIогъэшхо къакIощтыгъэ. Зичылэ зыщэжьыгъэ къумалхэм, пый техакIохэм зязытыгъэхэм джащ фэдэ тхьамыкIагъохэр цIыф хиехэм арахыщтыгъэх, гузэжъогъу хадзэщтыгъэх.

Ащ фэдэ зэо мэхьаджэ егъашIэми къэрэмыхъужь. Тхьэм телъэIу тиадыгэ чIыгуи, тикъэралыгъошхоу Урысыеми ащ фэдэ къин къарымыхъухьажьынэу, цIыф пстэуми ящыIакIэ нахьышIу хъузэпытынэу. Щытхъур адэжь апсэ емыблэжьхэу ти Хэгъэгу, тичIыгу къытфэзыухъумэгъэ дзэкIолIхэм! Зыпсэ зыгъэтIылъыгъэ дзэкIолIхэри, псаоу къэзгъэзэжьыгъэхэри егъашIэм тщыгъупшэщтхэп. Ахэм зэкIэм егъэшIэрэ щытхъур адэжь!

*ПЭНЭШЪУ Саудэт.*

**Хэгъэгу зэошхом илъэхьан тылым щыIагъ.**

# Зэрифэшъуашэу пэгъокIыгъэх

Бзылъфыгъэ од псыгъо цIыкIур бэрэ къуаджэу Тэхъутэмыкъуае — район гупчэм ыкIи поселкэу Инэм ичIыпIэ зэфэшъхьафхэм ащыплъэгъущт. Ренэу Iофы горэм ыуж ит, зыгорэм егъэгумэкIы. Зыуж итыр къыдэхъоу е къыдэмыхъоу къыхэкIы: иIоф къызыдэхъукIэ, ежь зэриIоу «ыгу щизэу жьы къещэ», къыдэмыхъугъэ щыIэмэ, ыгу лъэшэу хэкIы. Джащ фэдэ шэн хэлъ Инэм щыпсэурэ ветеранхэм ясовет итхьаматэу Неждова Валентинэ Федор ыпхъум.

Ар зысшIэрэр бэшIагъэ, ежьыри сэри тызпыль Iофыр а зыр ары — зэошхоу блэкIыгъэм хэлэжьагъэхэмрэ ветеранхэмрэ афэгъэзэгъэ IофшIэныр ары. ПкIэ хэмылъэу а IофшIэныр тэгъэцакIэ. ЗэIукIэхэм чанэу къащэгущыIэ Валентинэ, фыдэшIокIыгъэ Iофхэм, къыдэмыхъугъэхэм ягугъу къешIы.

Журналистэу Матвиенкэ Анатолийрэ сэрырэ Валентинэ гущыIэгъу тыфэхъугъагъ. Ащ нэIуасэ тыфишIы тиIоигъуагъэ текIоныгъэшхор къызыдахыгъэр илъэс 65-рэ зэрэхъугъэм ипэгъокIэу къэлэ гъэпсыкIэ зиIэ Инэм поселкэм иветеранхэм ясовет IофшIэнэу щырагъэкIокIыгъэхэм.

— Лъэшэу гухэкIэу щытыр илъэс къэс тиветеранхэр нахь макIэ зэрэхъухэрэр ары, — ыIуагъ Валентинэ. — Илъэс заулэкIэ узэкIэIэбэжьымэ, ахэм япчъагъэ 100-м лъыIэсыщтыгъэмэ, джы къэнэжьыгъэр нэбгырэ 40 ныIэп. Заом къыхэхыгъэ уIагъэхэу къызэкIэблэжьыгъэхэм, нэмыкI узхэм арылIыкIыгъэр бэ. Пшъэрылъ шъхьаIэу тэ тиIэр псаоу щыIэхэм тафэсакъыныр, ахэр къэтыухъумэнхэр, щымыIэжьхэр тщымыгъупшэнхэр, шIукIэ тыгу къэдгъэкIыжьынхэр ары.

А гухэлъхэр гъэцэкIагъэ хъунхэм пае ветеранхэм ясоветэу Валентинэ зипащэм иIофшIэнхэр зэкIэлъыкIокIэ гъэнэфагъэм тетэу егъэпсых.

Инэм поселкэ псэупIэм хэхьэх ежь поселкэшхоу Инэм, къутырхэу СадыкIэр, Суповскэр, поселкэу Дружнэр, къуаджэу БжыхьэкъоякIэр. Ахэм унэгъо 6600-м къехъу адэс, нэбгырэ мин 20-м къехъу ащэпсэу. Мы псэупIэхэм адэкIыхи заом кIуагъэхэр бэ, хэкIодагъэри макIэп. ПсэупIэ пэпчъ зэфэдэу мэфэкIышхом изыфэгъэхьазырын ащыкIуагъ.

ТекIоныгъэшхом имэфэкI зыфагъэхьазырынымкIэ пшъэдэкIыжь зыхьырэ купэу хадзыгъагъэм иIофшIэнхэр дэгъоу зэшIуахыгъэх. Сыда анахьэу анаIэ зытырагъэтыгъэр? ПсэупIэ пэпчъ дэт саугъэтым игъэцэкIэжьын апэрэ пшъэрылъэу щытыгъ. Къутырэу Суповскэм дэт саугъэтым итеплъэ дэи хъугъагъэ: бжыгъэхэр фэхъугъагъ, идэпкъ зэхэчыхьэгъагъ, тетхэгъэ лъэкъоцIэцIэхэм ащыщхэр къыхэщыжьыщтыгъэхэп. Дэгъоу ар зэтырагъэпсыхьажьыгъ, шIыгъакIэм фэдэ хъугъэ.

Поселкэу Дружнэм саугъэт дэтыгъэп, чIыпIэ зэфэшъхьафхэм къарыкIыгъэх ащ щыпсэухэрэр. Ащи джы саугъэт дагъэуцощт, чIыпIэу зыдэщытыщтыр дахэу агъэпсыщт, «ЩыIэныгъэм пае апсэ еблэжьыгъэхэп» — джащ фэдэ гущыIэхэр тыратхэщтых.

Поселкэу Инэм мэшIоку гъогум тIоу егощы: джабгъур — колхоз, сэмэгур — совхоз лъэныкъуагъэх. Совхоз лъэныкъуагъэм заом хэкIодагъэхэм апае я 50-рэ илъэсхэм (икIыгъэ лIэшIэгъум) саугъэт щагъэуцугъагъ. Илъэс пчъагъэм саугъэтри, ащ къыгъэгъунэрэ чIыпIэри IыгъэкIыгъэх: къэшIыхьэгъагъэп, саугъэтым дэжь кIалэхэр щыбзаджэщтыгъэх, щешъощтыгъэх, мотоциклэхэмкIэ къыщачъыхьэщтыгъ, шIоим зэлъикIугъагъ. Саугъэтыр агъэкIэжьыгъ, къашIыхьагъ, лъыплъакIо фашIыгъ, пхъэнкIакIо иI.

Ветеранхэм ясовет гухэлъ шъхьаIэу иIэмэ ащыщ заом хэкIодагъэхэми, ащ къыхэкIыжьхи къэкIожьыгъэхэу зидунай зыхъожьыгъэхэми, псэоу щыIэхэми ящыIэныгъэ къырыкIуагъэр атхыныр, ар «ШIэжь тхылъ» ыцIэу къыдагъэкIыныр.

ЗыцIэ къесIуагъэхэм анэмыкI IофшIэнхэри ветеранхэм ясовет егъэцакIэх. Ветеран пэпчъ фэгъэхьыгъэу карточкэхэр ашIых, IэпыIэгъу зищыкIагъэхэр агъэунэфых, адэIэпыIэх.

Джащ тетэу поселкэ псэупIэм иадминистрации, ветеранхэм ясовети, кIэщэкIо купми, организацие пчъагъэхэми аIэ зэкIэдзагъэу, зэдеIэжьхэу ыкIи зэгурыIохэу мэфэкIышхом зыфагъэхьазырыгъагъ.

*ХЪУЩТ Щэбан.*

# ЦIыфхэр къафэразэх

Тирайон поликлиникэ узэрэчIахьэу Щытхъу пхъэмбгъоу анахь врач, фельдшер дэгъухэр зэрытхэр олъэгъу. Мары апэрэ сурэтыр. Ащ итыр Псэуныкъо Хъусен ары. Фельдшерыр «IэпыIэгъу псынкIэм» епхыгъэу мэлажьэ. Хъусенэ къуаджэу Кургъокъо щыщ, Успенскэм дэс.

1976-рэ илъэсым Псэуныкъо Хъусенэ Мыекъопэ медицинэ училищыр къызеухым, тирайон сымэджэщ IофшIэныр щыригъэжьагъ. КIэлэкIагъэ Хъусенэ, къин ылъэгъущтыгъ — чэщи мафи улэжьэныр псынкIагъоп. Ау къызэкIэкIуагъэп, исэнэхьат ыхъожьыгъэп.

«Коммунистическэ IофшIакIэм иударник» зыфиIорэ щытхъуцIэр апэу къызэратыгъэмэ Хъусени ащыщ.

— Уисэнэхьат шIу умылъэгъумэ, — еIо Хъусенэ, — урымылажь. Шъыпкъэ, цIыфмэ уяIэзэныр IэшIэхэп, етIани тэ, «IэпыIэгъу псынкIэм» иIофышIэхэм, уахътэу тиIэр макIэ. «Тхьауегъэпсэу, нахьышIу сыкъэхъугъ», — аущтэу цIыфым къызыуиIокIэ, ар зымыуасэ щыIэп.

ИлъэситIу фэдиз мы хъугъэ-шIагъэм тешIагъ. КIымэфагъ. Чэщныкъом сипхъорэлъф цIыкIу къэсымэджагъ, лъэшэу мэплъы. «IэпыIэгъу псынкIэм» тыкъеджагъ, бэ темышIэуи ар къэсыгъ... Халат фыжь ыщыгъэу лIы дахэ унэм къихьагъ. Фельдшерыр псынкIэу сабыим екIолIагъ, охътаби темышIэу сабыир къэгушIожьыгъ.

Къоджэдэсхэр Хъусенэ лъэшэу фэразэх. «ПсынкIэу, шъабэу мэIаб, — аIо ахэм. — Хъусенэ «IэпыIэгъу псынкIэм» къызикIыкIэ, тэгушIо».

Хъусенэ ишъхьэгъусэ Фатими тикъуаджэ щыщ, Огъурлмэ ащыщ, ятэ Хэгъэгу зэошхом иветеранэу Огъурл Исмахьил. Ар илъэс 40-м къехъурэ тиеджапIэ Iутыгъ, урысыбзэмкIэ ригъаджэщтыгъэх. Исмахьилэ непи кIэлакIэмэ бэрэ аIокIэ, заом епхыгъэ гукъэкIыжьхэр къафеIуатэ.

Фатими Мыекъопэ медучилищым щеджагъ. Ари илъэс 30 хъугъэшъ поликлиникэм Iут. Врачхэр медсестрам фэразэх, сымаджэхэри къыщытхъух.

Хъусенэр Фатимэрэ кIэлитIу яI. Нахьыжъым унагъо ышIагъ, кIэлэцIыкIу епIу.

Псэуныкъохэм яунэгъо дахэ зэгурыIоныгъэ илъэу бэрэ псэунхэу афэсэIо.

*НАРТ Амин.*

Шъхьащэфыжь,
Успенскэ район.

# ЦIыфыгъэ-дэхагъэм кIэлэеджакIохэр фепIух

ШъхьакIэ Эммэ къуаджэу Гъобэкъуае икъулыкъушIэ унагъо 1965-рэ илъэсым къихъухьагъ. КIэлэцIыкIу бын Iужъум анахьыжъыгъэти шIэхэу къыгурыIуагъ къиныр зыфэдэри, нахьыкIэхэмкIэ щысэтехыпIэу щытын зэрэфаери. Шъыпкъэр пIощтмэ, нымрэ тымрэ ащ къин лые тырамыгъэкIэнэу пылъыгъэх, ау ежь ишэн-гъэпсыкIэкIэ сыдигъуи нахьыбэ зэришIэщтым зыфиукъудыизэ къэтэджыгъ. Ащи адрэ ялъфыгъэхэмкIи шIумрэ емрэ зэхягъэшIыкIыгъэныр, цIыфыгъэ дахэр ахэлъхьэгъэныр, шъхьэлъытэжьэу щытынхэр, зыкъаIэтмэ, щыIэныгъэм лъэпытэу хэтынхэ алъэкIэу пIугъэнхэр ары ахэм янэ-ятэхэр зыдэмышъхьахыщтыгъэхэр. Ар къадэхъугъэшъ, лъфыгъэ пстэури джы инэу ахэм афэраз.

Эммэ еджапIэр 1980-рэ илъэсым дэгъу дэдэкIэ къызеухым, Мыекъопэ кIэлэегъэджэ училищэу Андырхъое Хъусенэ ыцIэ зыхьырэм ихудожественнэ-графическэ отделение чIэхьагъ ыкIи ар 1984-рэ илъэсым къыухыгъ. Мыщ пыдзагъэу къэтIон ащ къыщыублагъэу кIэлэегъаджэу Эммэ Iоф зишIэрэр илъэс 25-рэ зэрэхъугъэр. Апэ зыщыригъэжьэгъагъэр селоу Красногвардейскэм дэт кIэлэцIыкIу IыгъыпIэр ары. Ащ нэужым Мыекъуапэ дэт кIэлэцIыкIу IыгъыпIэу N 28-м Iоф щишIагъ. Ащ Iутызэ, къытекIэхъухьэрэ ныбжьыкIэхэм япIункIэ ыгу етыгъэу зэрэлажьэрэм пае Щытхъу тхылъ къыфагъэшъошагъ. Джащ фэдэу Эммэ Мыекъуапэ дэт Адыгэ республикэ гимназием сурэтшIынымкIэ кIэлэегъаджэу Iоф щишIагъ. Нахь сэнаущыгъэ зыхэлъ кIэлэеджакIохэм Iоф зэрадишIэрэм творческэ кIочIэ ин хигъуатэщтыгъ.

Джы ШъхьэкIэ Эммэ Iоф зыщишIэрэр Красногвардейскэ районым ит къуаджэу Улапэ игурыт еджапI ары. Ащ къызэрэтиIуагъэу, коллектив гъэшIэгъонэу зыхэфагъэм илъэсипшIым ехъугъэу Iоф щешIэ, зыпарэкIи ащ зэрэIухьагъэм рыкIэгъожьэу къыхэкIыгъэп. ЕджапIэм идиректорыгъэ ЛIынэ Аслъанэ опытышхо зиIэ кIэлэегъаджэхэмрэ апэрэ мафэм къыщегъэжьагъэу анаIэ къытетэу иIофшIэн ыгъэцакIэщтыгъэ. Цыхьэу коллективым къыфишIыгъэр къызэригъэшъыпкъэжьыщтымкIэ ыгу етыгъэу непэ къызнэсыгъэм Iоф ешIэ. ЗыщамышIэрэ къуаджэм дэсынэу, Iоф щишIэнэу хъугъэми, къоджэдэсхэмрэ зыдэлажьэхэрэмрэ ягуфэбагъэ ишIуагъэкIэ зыфэе пстэури иIофшIэгъухэм аригъотылIагъ. Джы ыгукIэ зыщыщ хъугъэ Улапэ икъоджэдэсхэм цIыфыгъэ дахэу ахэлъхэм ежь ищыIэныгъэкIи арыгъозэным ренэу пылъыгъ. Къуаджэм къыдахьэхэрэм афэнэгуихыгъэхэу ахэр зэрапэгъокIыхэрэр, цIыфым шIу фашIэным зэрэфэгумэкIыхэрэр, ащкIэ емыупчIыжьхэу, игуръуи фамышIэу IэпыIэгъу зэрэфэхъухэрэр инэплэгъу зэрит зэпытыгъэр игуапэу ыгу къэкIыжьы.

— Ащ фэдэ цIыфэу апэ къуаджэм сызыщыIукIэгъагъэр сиIофшIэгъоу ЛIынэ Люб ары, — Эммэ къытиIуагъ. — Ащ апэрэ мафэхэм къащегъэжьагъэу ренэу къысиIощтыгъ: «О уянэ чыжьэ зыдэщыIэр, арышъ, зыгорэм уфае зыхъукIэ, умыукIытэу къысаIу, IэпыIэгъу сыкъыпфэхъущт». Адэ ащ фэдэ цIыфхэм уахэтэу дэеу Iоф пшIэн плъэкIына?

ИIофшIэгъоу ЛIынэ Любэ ишIуагъэкIэ, хэгъэгу 34-мэ ялIыкIохэр зыхэлэжьэгъэ Дунэе фестивалэу къалэу Владимир щызэхащэгъагъэм ШъхьэкIэ Эммэ хэлэжьэнэу хъугъэ. Ащ тхьамэфитIоу къыщигъэкIуагъэм кIэлэегъэджэ ныбжьыкIэм бэ шIэныгъэу, шIуагъэ зыпылъ IофшIакIэу къыщызэригъэшIагъэр, къыщызэхихыгъэр, къыщилъэгъугъэр. Ащ къыщызэрэугъоигъэхэр «Iэнэ хъурэе» зэфэшъхьафхэм ахэлажьэщтыгъэх, нэIуасэ зэфэхъущтыгъэх, IофшIэнымкIэ опытэу аIэкIэлъ хъугъэр къызэфаIотэжьыщтыгъ. Ежь Эммэ американцэхэм, чеххэм, якутхэм, казаххэм, дагъыстан лъэпкъхэм, нэмыкIхэми адыриIэгъэ зэIукIэгъухэм гухэхъошхо ахигъуатэщтыгъ. Бэ зэхахыгъэу, зэрагъэшIагъэу а фестивалым хэлэжьагъэхэр зэбгырыкIыжьыгъэх. Зэнэкъокъу зэфэшъхьафхэм зэрахэлэжьагъэм ыкIи исэнэхьат хэшIыкI дэгъу зэрэфыриIэр къызэращигъэлъэгъуагъэм апае Эммэ международнэ щытхъу тхылъ къыфагъэшъошагъ.

Джаущтэу тIэкIу-тIэкIузэ кIэлэегъэджэ ныбжьыкIэм иIофшIэн нахьышIоу ыIэ къырихьэу ыублагъ, етIанэ гъэхъагъэхэр ащ къыкIэлъыкIуагъэх. Сыд фэдэ пшъэрылъэу цIыкIу ынашIоу фашIыхэрэм ягъэцэкIэн ишъыпкъэу ынаIэ тыригъэтыщтыгъ. МэхьанэшIо иIэу зыпари зыIэкIимыгъэкIыным пылъыгъ. Непи а шэнышIур хэлъышъ, педагогикэмкIэ зэкIэ кIэу егъэджэным къыхахыхэрэм ынаIэ атыредзэ, зэрегъашIэх, иIофшIэн щегъэфедэх.

Эммэ шIу ылъэгъурэ иклас кIэлэегъаджэу ыкIи иIэшъхьэтетэу зэрэщытым епхыгъэу Iофэу ышIэрэм ыкIи зыдишIэхэрэм къатедгъэгущыIагъ, ежь илъфыгъэхэми ягугъу къедгъэшIыгъ. Пшъэшъэ нахьыжъыр Адыгэ республикэ гимназием имузыкальнэ класс щеджагъ, искусствэхэмкIэ Адыгэ республикэ колледжым фортепианэмкIэ иклас къыухыгъ. КIэлэцIыкIу ансамблэу «Зори Майкопа» зыфиIорэм икъэшъокIуагъ. Джы Мыекъопэ Къэралыгъо технологическэ университетым щеджэ. Ащ къыкIэлъыкIорэ шъаом еджапIэм ыуж искусствэхэм я Адыгэ республикэ колледж къыухыгъ, театрэмрэ киномрэ яактер сэнэхьат зэригъэгъотыгъ. Джы АКъУ-м щеджэ. РеспубликэмкIэ драмтеатрэу А. Пушкиным ыцIэкIэ щытым Iоф щешIэ, сериябэ хъурэ фильмэу «Группа Зета» зыфиIорэр тырахы зэхъум хэлэжьагъ. Кинофильмэм хэлэжьэныр зэрэригъэжьагъэр къыдэхъугъэу елъытэ, тапэкIэ ар лъигъэкIотэнэу ныр щэгугъы. Илъфыгъэхэм искусствэр шIу зэраригъэлъэгъугъэм, агукIэ ащ фэщагъэхэу зэрипIугъэхэм Эммэ гушIуагъо хегъуатэ. Ащ ригъэджэрэ кIэлэцIыкIухэми дэхэ пстэоу гум рихьэу щыIэныгъэм хэтлъагъохэрэм уасэ афашIынэу, агъэлъэпIэнэу фигъасэхэ шIоигъу. Ащ пае музыкэр, поэзиер, нэмыкIхэри шIу альэгъухэу, ахэм хэшIыкI афыряIэу кIэлэцIыкIухэр къызэрэтэджынхэр ары Iофэу ышIэрэр анахьэу зыфигъазэрэр.

Дэхагъэм зыгукIэ фэщэгъэ цIыфым егъашIэм зыгорэ зэхикIутэщтэп, ыулъэгущтэп, сыд фэдэрэ Iоф пылъми ыгъэпсыщт. Егъэджэн-пIуныгъэ Iофэу ШъхьакIэм ышIэрэмкIэ ипшъэрылъэу ылъытэрэр ригъаджэхэрэм цIыфыгъэрэ Iэдэбныгъэрэ ахилъхьанхэр, дэхагъэр зэхарыгъэшIыкIыныр, къэзыуцухьэхэрэ дунаим хэплъэнхэ, ар къагурыIон, зэхашIэн альэкIэу, зэкIэ гъэшIэгъонэу алъэгъурэм гу лъатэным, агу раубытэным фэгъэсагъэ хъунхэр ары. КIэлэегъаджэу Iоф зишIэрэ илъэсхэм къазыфагу зэфэхьысыжьэу Эммэ къызыфэкIуагъэр тэрэзэу, игъом кIэлэцIыкIухэм искусствэр шIу ябгъэлъэгъумэ, ар щыIэныгъэм сэнэхьат ащыфэхъун ылъэкIыщт кIодыеп, дунаими нахь уасэ фашIэу, ащ изытет ыгъэгумэкIэу, идэхагъэ зэрэхагъэхъощтым ягупшысэхэр фэгъэзэгъэщтых, агукIэ ащ зэрэфэщагъэхэр дэгъоу лъыгъэкIотагъэ хъущт.

КIэлэеджакIохэр IэпыIэгъу къызыфишIыхэзэ, ШъхьакIэ Эммэ музей цIыкIу зэхищагъ. Ащ адыгэхэм нахьыпэм ящыIэкIэпсэукIагъэр къэзыгъэлъэгъорэ ижърэ унэгъо IапIэхэмрэ фэшъхьаф Iэмэ-псымэхэмрэ къыщагъэлъагъох. Ахэр зышIогъэшIэгъон кIэлэеджакIохэр а ушэтын IофшIэным къыхегъэлажьэх. Ижъырэ пкъыгъо зэфэшъхьафхэр музеим пае къызэрахьырэм имызакъоу, ахэм апылъ хъишъэ тхыгъэхэри къарегъэугъоих. Музеим ижъырэ адыгэ IэпэIасэхэм яIэшIагъэхэр чIэплъэгъощтых, джащ фэдэу урысхэм къаIэкIэкIыгъэхэри щыплъэгъущтых. Ахэр пхъэм, керамикэм, гъучIым ахэшIыкIыгъэх. КъэIогъэн фаер, Эммэ ригъаджэхэрэм агуригъаIорэ а пкъыгъохэм ямэхьанэ зыфэдэр цIыфхэм зэрагъэфедэщтыгъэхэм имызакъоу, ижърэ лъэхъэнэ чыжьэ дэдэм къыщегъэжьагъэу джырэ тимафэхэм къанэсыжьэу лъэпкъым игушъхьэлэжьыгъэ культурэ изехьакIохэу ахэр зэрэщытхэр ары. Джары музей цIыкIум Iофэу щашIэрэр ушэтын IофшIэным зыкIыфигъадэрэр. Ашуг цIэрыIоу Теуцожь Цыгъо игущыIэхэмкIэ къэпIон хъумэ, «Дунэежъым изэрэщытыгъэм щымыгъуазэм, дунэякIэм щыгъозэгъуае фэхъущт». КIэлэегъэджэ хъупхъэм иIофшIагъэ гу лъамытэу ебгъукIуагъэхэп, 2008-рэ илъэсым зэхащэгъэгъэ зэнэкъокъоу «Лучший мини-музей, знакомящий с культурой и бытом народов Республики Адыгея» зыфиIорэм Эммэ хэлэжьагъ ыкIи Красногвардейскэ районым гъэсэныгъэмкIэ и ГъэIорышIапIэ и Щытхъу тхылъ къыфагъэшъошагъ. Джащ фэдэу Адыгэ Республикэм гъэсэныгъэмкIэ и Министерствэ щытхъу тхылъ къыритыгъ.

ИЗО-м икабинет зэрэзэтегъэпсыхьагъэр изобразительнэ искусствэмкIэ егъэджэным иметодикэ дырягъаштэу щыт. «Творческэ унэкIэ» заджэхэрэм изобразительнэ искусствэм илъэпкъ зэфэшъхьафхэмкIэ зищушэтынымкIэ кIэлэеджакIо пэпчъ амал щегъоты. А кабинетыр ары «IэпэIасэхэр» зыфиIорэ кружокым изанятиехэр ШъхьакIэм зыщызэхищэхэрэр. А IофшIэным ыгукIэ фэщэгъэ кIэлэеджакIо пэпчъ илъэс еджэгъум исыд фэдэ уахъти кабинетым щызэхащэрэ занятиехэм ахэлэжьэнхэ, шъхьадж ежь нахь шIогъэшIэгъон искусствэ лъэпкъым зыщиушэтын ылъэкIыщт. Кабинетым щыфагъасэх сурэтшIыным, материал зэмылIэужыгъохэмкIэ аппликациехэр шIыгъэнхэм, Iэпэщысэхэр, пкъыгъо цIыкIухэр пластилиным, етIагъом, гипсым ахэшIыкIыгъэнхэм, нэмыкIхэми. Ахэр кIэлэеджакIохэм аIэ къызэрэрагъахьэхэрэм нэмыкIхэр ащигъэгъозэгъэнхэм пае, ШъхьэкIэ Эммэ къэгъэлъэгъонхэр ренэу зэхещэх. Джащ фэдэу кIэлэеджакIохэр район, республикэ, дунэе зэнэкъокъухэм ахэгъэлажьэх. 2008-рэ илъэсым ахэр дунэе кIэлэцIыкIу зэнэкъокъоу «СурэтышIхэр афэгушIох» зыфиIорэм хэлэжьагъэх ыкIи ащ изэхэщэкIо комитет СОШ-у N 9-м икружокэу «IэпэIасэхэр» зыфиIорэм ишIухьафтын къыфигъэшъошагъ.

ШъхьакIэ Эммэ Iофэу ышIэрэмкIэ кIэлэцIыкIухэр лъэпкъ зэхашIэм фепIух, традиционнэ культурэмрэ народнэ искусствэмрэ зэрэзэпхыгъэхэр, етIанэ ежьхэри лъэпкъым ищыIэкIэпсэукIэ, игъэпсыкIэ, итарихъ зэряпхыжьыгъэхэр, тарихъымрэ культурэмрэ ясаугъэтхэр бгъэлъэпIэнхэ зэрэфаер агурегъаIо. 2008-рэ илъэсым Красногвардейскэ районым гъэсэныгъэмкIэ и ГъэIорышIапIэ номинациеу «Лучший кабинет, реализующий национально-региональный компонент содержания образования» зыфиIорэмкIэ Эммэ шIухьафтын къыфагъэшъошагъ.

Эммэ гъэхъагъэу иIэхэм апае 2008-рэ илъэсым Адыгэ Республикэм гъэсэныгъэмрэ шIэныгъэмрэкIэ и Министерствэ ищытхъу тхылъэу «За плодотворный труд в системе образования, педагогическое мастерство, творческий поиск, успехи в обучении и воспитании подрастающего поколения» зыфиIорэ къыфигъэшъошагъ. Джащ фэдэу ШъхьакIэм егъэджэнымрэ пIуныгъэмрэ гъэхъагъэхэу ащишIыгъэхэм апае районым гъэсэныгъэмкIэ и ГъэIорышIапIэ ищытхъу тхылъхэмрэ шIухьафтынхэмрэ къыритыгъэх.

ХэгъэунэфыкIыгъэн фаер Эммэ яIэшъхьэтетэу класс зэфэшъхьафхэм якIэлэеджакIохэр кIэлэцIыкIу сурэтым и Урысые зэнэкъокъухэм зэрахэлажьэхэрэр ары. Я 4-рэ классым щеджэрэ Исаев Бислъан 2008-рэ илъэсым Урысые кIэлэцIыкIу-ныбжьыкIэ зэнэкъокъоу «Мечты о космосе» зыфиIорэм АР-мкIэ апэрэ чIыпIэр зэрэщиубытыгъэм пае Щытхъу тхылъ къыфагъэшъошагъ. Эммэ икIэлэеджакIохэр икIыгъэ илъэсым ищылэ мазэ къыщегъэжьагъэу кIэлэцIыкIу сурэтым и Дунэе ыкIи Урысые зэнэкъокъухэм ахэлэжьагъэх, хагъэунэфыкIырэ чIыпIэхэр ащаубытыгъэх.

ШъхьакIэ Эммэ кIэлэеджакIохэм янэ-ятэхэм гъусэныгъэ пытэ адыриIэу пIуныгъэ Iофхэр зэхещэх. Классым щитырэ урокхэм, внекласснэ Iофтхьабзэу зэхищэхэрэм ахэр къахегъэлажьэх. Москва къикIыхи къалэу Краснодар циркым иартистхэу къэкIуагъэхэм яттракционхэм зэгусэхэу яплъыгъэх.

Социальнэ мэхьанэ зиIэ Iофтхьабзэхэм Эммэ икIэлэеджакIохэр ахэлажьэх. Ахэр нэжъ-Iужъхэм адэжь кIохэзэ, унэгъо ыкIи хъызмэт Iофыгъо зэфэшъхьафхэмкIэ IэпыIэгъу афэхъух, мэфэкI мафэхэм ежьхэм акIуачIэ къыхьыщтымкIэ концерт цIыкIухэр къафатых, агъэчэфых. ЗэкIэ еджапIэм щызэшIуахырэ Iофыгъохэм Эммэ зипэщэ классыр ахэлажьэ. Я 7 — 8-рэ классхэм арыс пшъэшъэжъыехэм ащыщхэр ансамблэу «Бэслъыный» зыфиIорэм иорэдыIох. Ахэр зональнэ зэнэкъокъоу «Адыгеим ижъогъожъыехэр» зыфиIоу Адыгэкъалэ щырагъэкIокIыгъэм илауреат хъугъэх.

Шъэожъыехэр самбэм, атлетикэ онтэгъум, шахматым апылъых. Джащ фэдэу адыгабзэм, тарихъым, хьисапым, урысыбзэм, ИЗО-м ыкIи нэмыкI кружокхэм чанэу ахэлажьэх. 2005-рэ илъэсым Улэпэ еджапIэм щызэхащэгъэгъэ зэнэкъокъоу «Анахь класс дэгъу» зыфиIорэм апэрэ чIыпIэр Эммэ иклас къыщыфагъэшъошагъ. Классым икIэлэеджэкIуи 5 «Зэкъошныгъ» зыфиIорэ фестивалэу Краснодар краим ит станицэу Кущевскэм щырагъэкIокIыгъэм еджапIэм ыцIэкIэ хэлэжьагъэх.

ИкIэухым къэтIон кIэлэеджакIохэм япсауныгъэ гъэпытэгъэным мэхьанэшхо еджапIэм зэрэщыратырэр. Ащ пае класс сыхьатхэу «СищыIэныгъэ псауныгъэкIэ орэпсыхьагъэ», «Наркотикхэр тищыкIагъэхэп!», нэмыкIхэри еджапIэм щызэхащэх.

Щысэ пстэоу къэтхыгъэм къагъэлъагъо Улэпэ еджапIэм икIэлэегъаджэу ШъхьакIэ Эммэ зипэщэ классым икIэлэеджакIохэм IофышIо зэрадишIэрэр, иурокхэр гъэшIэгъонэу, узыIэпащэу зэрэзэхищэхэрэм шIогъэ ин къызэратырэр. КIэлэегъэджэ чанми, ащ къыдэлэжьэрэ иIофшIэгъухэми, еджапIэм ипащэхэми рагъаджэхэрэм егъэджэн-пIуныгъэу адызэрахьэрэр, ащкIэ къинэу адалъэгъурэр хьаулые зэрэмыхъурэр ащ ишыхьат.

*ШАКIО Мир.*

# Щытхъур къызыфэзыхьыжьыгъэ бзылъфыгъ

**Дыд Хьалимэт** ицIыкIугъом къыщегъэжьагъэу мэкъумэщ хъызмэт IофшIэнхэм апыщагъэу къэтэджыгъ. ЕджапIэм чIэсзэ, губгъом IофышIэ защэхэкIэ ишъыпкъэу зыфагъазэрэр ыгъэцакIэщтыгъэ, унэгъо хатэми ным игъусэу щылажьэщтыгъэ. Ежь агроном сэнэхьатыр зэригъэгъоты шIоигъуагъ, ны-тыхэми ар игъоу алъэгъугъагъ. Илъэс 23-рэ ынибжьэу мэкъумэщ институтыр къыухи, икъуаджэу Тэхъутэмыкъуае къыгъэзэжьыгъ, колхозэу Сталиным ыцIэкIэ щытыгъэм зыкIэхъопсыщтыгъэ сэнэхьатымкIи Iоф щишIэу ригъэжьагъ.

1957-рэ илъэсыр итыгъ. Пшъэшъэ од ищыгъэ цIыкIум къыхихыгъэ сэнэхьатыр емыкIоу зылъэгъугъэхэри, мыбзылъфыгъэ IэнатIэу зыIуагъэхэри къэхъугъэх, ау Хьалимэт ахэм яеплъыкIэхэр щигъэзыягъэх. IофшIэным «ишъэфхэр» ыIэ къызэрэригъэхьащтхэм пылъыгъ.

Нахьыжъхэм ащыщхэр еджагъэхэу щымытыгъэхэми, аIэхэр чIыгум хэлъхэу къэтэджыгъэх, зыфэгъэзагъэхэм фэIэзагъэх. Джары Хьалимэт ахэр упчIэжьэгъу зыкIишIыщтыгъэхэр. Адрэхэм аIощтыгъэ: «Сыдэу мы Дыдхэм япшъэшъэжъые Iуш цIыкIу. Исэнэхьат фэгъэхьыгъэу ымышIэ гори блигъэкIырэп, ежь узэреупчIырэри игуапэу къыуеIуатэ».

Тэхъутэмыкъуае дэтыгъэ колхозэу Сталиным ыцIэ зыхьыщтыгъэм бригадэ пчъагъэ хахьэщтыгъэ, тыдэкIи ахэм IофшIэнхэр ащыжъотыщтыгъэ. ПшъэдэкIыжьышхоу иIэм Хьалимэт гу лъитэщтыгъэ, зикъызтримыгъанэу, ыгу етыгъэу иIоф зэшIуихыщтыгъ, колхозым ичIыпIэ пстэуми алъыIэсыщтыгъ. Джащ тетэу чIыгулэжьыным икультурэ зыкъегъэIэтыгъэным иакъыли, ыкIуачIи, ишIэныгъи фигъэIорышIэхэу, агротехникэ пэрытыр иIэубытыпIэу, ар IофшIэным икъу фэдизэу щыгъэфедэгъэнымкIэ амалхэр зэрихьэхэу лажьэщтыгъэ.

Пшъашъэм чаныгъэу хэлъым, шIэныгъэ куоу IэкIэлъхэр фэкъулаеу зэригъэфедэхэрэм, IорышIэу ыкIи нэутхэу зэрэщытым пащэхэм шIэхэу гу лъатагъ. Колхоз тхьаматэмрэ парторгымрэ зэдэгущыIэжьыхи, колхозым икомсомольскэ организацие секретарэу фашIыгъ.

Комсомольскэ организацием нэбгырэ 80 фэдиз хэтыгъ. Пшъэрылъ шъхьаIэу комсомолым икомитет иIагъэр зичэзыу мэкъумэщ хъызмэт IофшIэнхэм язэшIохын ныбжьыкIэхэр къыфэIэтыгъэнхэр арыгъэ. МылъэныкъомкIэ пшъэшъэ ныбжьыкIэм фызэшIокIыгъэр бэ. Бригадэхэм комсомольскэкIэлэкIэ агрегатхэр ащызэхащэгъагъэх. Лэжьыгъэ хэлъхьаным илъэхъан, кIэзыгъэнчъэу зигъо хъугъэ лэжьыгъэр ыкIи хэтэрыкIхэр IухыжьыгъэнхэмкIэ а агрегатхэм Iофыбэ зэшIуахыгъ. Сыд фэдэ IофшIэн фагъэзагъэхэми, комсомольцэхэр апэрэ сатырэхэм ахэтыгъэх, нэмыкIхэм щысэтехыпIэ афэхъущтыгъэх.

Комсомольскэ организацием ищыIэныгъэ хъугъэ-шIэгъэшхоу къыхэхъухьэгъагъэмэ ащыщ комсомольскэ-ныбжьыкIэ фермэ зэрэзэхащэгъагъэр. Ар районымкIэ апэрэу щытыгъ. Iэшъхьэтетэу иIагъэр Еутых Рэмэзан. Фермэм щылэжьагъэмэ ащыщыгъэх Гъыщ Хьазрэт, Еутых Гъэфурэ, Барникова Аннэ. Ахэм я 10-рэ классыр къаухыгъэ къодыягъ, нэужым ныбжьыкIабэ гъусэ къафэхъугъ.

Ащ къыщыуцугъэхэп комсомольцэхэр, натрыфлэжь механизированнэ звенищ зэхащи, гъэхъэгъэшIухэр ашIыгъагъэх. Щытхъубэ цIыфхэм фаIуагъ пшъэшъэ ныбжьыкIэу комсомольскэ организацием пэщэныгъэ дызезыхьэщтыгъэм, колхоз правлениеми райкомыми, хэку комитетми щытхъу тхылъхэр, ахъщэ шIухьафтынхэр мызэу-мытIоу къыфагъэшъошагъэх.

Хьалимэт унагъо ихьи ищыIэныгъэ зэхъокIыныгъэхэр зыфэхъухэм иIофшIэни зэблихъунэу хъугъагъэ. Районым къыщызэIуахыгъэ чылэпхъэ гъэтIылъыпIэ станцием Iэшъхьэтет ищыкIагъэ зэхъум апэ дэдэ Дыд Хьалимэт ыцIэ къыраIогъагъ. Илъэс пчъагъэрэ а IэнатIэм Iутыгъ, зэрифэшъуашэуи станциери зэрищагъ. ЧылэпхъэлэжьхъызмэтшIапIэхэм бэрэ ахахьэщтыгъ, яIофхэм арыкIорэр зэригъашIэщтыгъ, IэпыIэгъу афэхъущтыгъ.

Джащ тетэу ыныбжьыкIэ итIысыжьыгъо охъуфэ хьалэлэу лэжьагъэ Дыд Хьалимэт.

***ХЪУЩТ Щэбан.***

# ЛъэгапIэм екIурэ гъогур

**ЧъыгымкъыпыкIэрэ пстэури зэрэзэфэмыдэм фэдэу цIыфым иIофшIакIэ еплъыкIэ-екIолIакIэу фишIырэри зэфэдэп. «ЧIыпIэр арэп цIыфыр зыгъэдахэрэр, цIыфым чIыпIэр егъэдахэ нахь» аIуагъ. А гущыIэжъым ишъыпкъагъэ къеушыхьаты Улапэ культурэм и Унэу дэтым иIофышIэу Уракъ (Гъунэжьыкъо) Заринэ иIофшIэн нэIуасэ узыфэхъукIэ. Заринэ ныбжьыкI, жьы кIэтэу мэзекIо, иIофшIэн хэшIыкIэу ыкIи шIулъэгъоу фыриIэр гъунэнчъ, нэутх, удэгущыIэ зэпытыгъэкIи уезэщыщтэп.**



КIэлэцIыкIу къэшъокIо ансамблэу «Бэслъынэй» зыфиIоу 2006-рэ илъэсым Заринэ зэхищагъэм непэ къызынэсыгъэм хэхьэгъошIоу щытэп, конкурсыр ины. Ежь къэшъокIо цIыкIумэ якъыхэхын ишъыпкъэу пылъ, сэнаущыгъэ зыхэлъэу, удэлажьэмэ къэшъуакIо хъущтмэ ынаIэ атет.

Заринэ яни яти лъэпкъ культурэм ыгузэгу итыгъэх. Адыгэ Республикэм и Къэралыгъо Академическэ къэшъокIо ансамблэу «Налмэсым» хэтыгъэх. Ятэ дэгъоу сэшIэ, езгъэджагъ, сэнаущыгъэ ин зыхэлъ цIыф.

Заринэ илъэс зытIущэ езгъэджагъ. Пшъэшъэжъые нэутхэу, лъэпкъ зэхашIэ иIэу, лъэпкъыбзэм, культурэм, лъэпкъ тарихъым осэшхо афэзышIырэмэ ащыщ. НыбжьыкIэ цIыкIоу щытыгъэми, лъэпкъ Iофыгъомэ афэгъэхьыгъэ IофшIэн (реферат) дэгъухэр къытхыщтыгъэх, игупшысэ чаныгъ, еплъыкIэ-екIолIэкIэ гъэшIэгъонхэр къыгъотыщтыгъэх. Дэгъу дэдэу зэреджэщтыгъэм фэдэу дэхэ дэдэуи къашъощтыгъэ. Янэ-ятэмэ зэракIырыплъыщтыгъэр пкIэнчъагъэп ыкIи ар къыхэщыщтыгъ.

ЕджапIэм имызакъоу къоджэ зэхахьэм Заринэ къызэрэшъорэм еплъынхэу цIыфхэр къакIощтыгъэх. Ежь пшъэшъэжъыери хьарзэ ищыгъэ фыжьым фэдэу (сэе фыжь дахэр къекIоу щыгъыгъ) пчэгур фыримыкъоу дахэу «щесыщтыгъэ». Адыгэхэм лъэпкъ къэшъокIэ дахэ зэрэтиIэм ар ишыхьатыгъ.

ЕджапIэр къызеух нэужи, унагъо зехьэми (Уракъмэ нысэу афащагъ, ипщ нахь къэшъуакIо къуаджэм дэсыгъэп пIоми ухэукъонэп) ишъхьэгъуси, ипщи, игуащи янысэ къэшъоныр шIу зэрилъэгъурэм, исэнэхьатэу ар къызэрэхихыгъэм пэрыохъу фэхъугъэхэп. Охътэ лые темышIэу сэнаущыгъэ зыхэлъ бзылъфыгъэ ныбжьыкIэр къуаджэу Улапэ культурэм и Унэу дэтым къырагъэблагъэ. Охътэ кIэкIым къыкIоцI Заринэ ыгъэсэрэ кIэлэцIыкIухэмрэ пшъэшъэжъыехэмрэ къэшъоным иIэпэIэсэныгъэ къызыIэкIагъэхьагъ. Купищэу ыгъасэхэрэм (нэбгыришъэм къехъу ащ хэт) тхьамафэм къыкIоцI мафэ къэс сыхьат тIурытIу ащехьы.

ЫгъэсэрэкIэлэцIыкIухэр къашъохэ зыхъукIэ гур мэгушIо, узэрэадыгэмкIэ, а лъэпкъым узэрэщыщымкIэ огушхо, бгъэшхъо цIыкIум фэдэу пчэгур зыIыгъ къэшъуакIомэ уакъыдешIэ пшIоигъоу пкъыр загъэрэп, гур мэлъатэ.



«Инэу сигуапэ Заринэ Iоф ышIэнэу садэжь къызэрэкIуагъэр, — еIо культурэм и Унэу Улапэ дэтым ипащэу Брагъунэ Сусанэ, — мы пшъэшъэ ныбжьыкIэр къызэрэтхахьэу жьы къабзэр коллективым къыхилъхьагъ, ар къыгъэкIэжьыгъ. Ащ ыгъэсэрэ къэшъокIо цIыкIумэ шIу зэралъэгъурэр, лъытэныгъэшхо, шъхьэкIэфэшхо зэрэфашIырэр къэIогъуай, ащ дакIоуи тIэкIуи «щэщынэх», сыда пIомэ дисциплинэр пхъашэу ыIыгъ: ар ежьми ыукъорэп, адрэми афидэрэп...»

Уракъ Заринэ икъэшъокIо коллектив лъэгэпIэ пчъагъэ ыштагъ. ИлъэсиплIым къыкIоцI щытхъу тхылъ ыкIи диплом 25-м ехъу къыфагъэшъошагъ. Фестиваль-конкурсэу «Адыгеим ижъогъо цIыкIухэр» («Звездочки Адыгеи») зыфиIорэм чанэу хэлажьэ. Мызэу-мытIоу хагъэунэфыкIырэ чIыпIэхэр къыщыдихыгъэх. КъэIогъэн фае къэшъокIо ансамблэр зыхэмылэжьэрэ Iофыгъо къуаджэми, районми, республикэми зэращыремыкIокIырэр. Мэзэе мазэм, 2008-рэ илъэсым ансамблэу «Бэслъынэй» зыфиIорэм «Адыгэ къашъомкIэ анахь хореографическэ ансамблэ дэгъу» зыфиIорэ щытхъуцIэр къыфагъэшъошагъ, нэужым чъэпыогъу мазэм, 2009-рэ илъэсым «ЩысэтехыпIэ народнэ коллектив» хъугъэ.

КъэшъокIо ансамблэр Адыгеим имызакъоу Краснодар краим ичIыпIабэмэ ащыплъэгъуцт. Адыгэ лъэпкъым ищытхъу, идэхагъэ къытхэс ыкIи тыкъэзыуцухьэрэ лъэпкъымэ адыгэ къашъомкIэ Заринэ арегъашIэ. ЛъэгапIэу зынэсыгъэм къыщыуцун ыгу хэлъэп. Ар Краснодар дэт университетым щеджэ, яплIэнэрэ курсым нэсыгъ.

— Тиадыгэ лъэпкъ культурэ бай иI, — еIо Заринэ, — адыгэмэ афэдэу къэшъонымрэ орэд къэIонымрэ екIоу цIыф лъэпкъ Темыр Кавказым исэп пIоми ухэукъощтэп.

Мары илъэсиплIым къехъугъэу бзылъфыгъэ ныбжьыкIэр мафэ къэс культурэм и Унэ IофшIапIэ къекIуалIэ. Гъогоу къызэрыкIорэм пшъэшъэжъые купыр гъусэ къыщыфэхъу. КIэлэцIыкIухэм еджэнымкIэ гъэхъагъэу яIэхэр яIэшъхьэтет гушIохэзэ фаIуатэ, дагощы. Ежь Зарини игуапэу ядэIу, сыда пIомэ ахэм яеджэн лъэплъэ, егъэгумэкIы.

ЛъэгапIэм екIурэ бзылъфыгъэ ныбжьыкIэм пшъэрылъэу зыфигъэуцужьхэрэр зэрэзэшIуихыщтхэм тэри тицыхьэ пытэ телъ.

***ОЖЪ Аскэрбый.***
**КIэлэегъадж.**

Улап.

